



Bill de Blasio  
Majistra

Carmen Fariña  
Prezidan

GID FAMILIAL POU

# Sèvis Edikasyon Espesyal POU

TIMOUN KI NAN LAJ POU LEKÒL

Yon pataj ki Mennen nan siksè





# byenveni

Chè Fanmi,


Nou fè anpil wout depi inisyativ refòm edikasyon espesyal nou an, *Yon Chemen Reyisit ki Pataje*, te lanse nan tout vil la nan mwa septanm 2012. Plizyè milye pwofesè, dirjan lekòl ak lòt pwofesyonèl te resevwa fòmasyon ak sipò pou kreye saldeklas ak anvwònman lekòl ki enklizif. Nou te fè pwogrè ki enpòtan nan asre nou ke elèv ki nan Pwogram Edikasyon Endividyalize yo (IEP: Individualized Education Programs) aprann nan aviwònman ki gen mwens restriksyon ansanm ak kamarad edikasyon jeneral yo, nan mwayen posib epi ak sipò ki apwopriye. Nou te chanje kè ak lespri yo tou paske konviksyon pwofon nou—ke edikasyon espesyal se yon sèvis, men se pa yon pozsyon—te pran chè nan lekòl nou yo.

Sa ki te pi enpòtan nan pwosesis sa se te travay nou avèk ou menm, paran ak fanmi nou. *Gid Familyal* sa fè pat efò kontini n ap fè pou asre nou ke ou jwenn aksè a enfòmasyon ou bezwen pou w ka yon patnè nan edikasyon pitit ou a. *Gid* la dekri kontnwrite sèvis ak sipò ki disponib pou elèv ki nan laj pou lekòl ki gen IEP yo. Li genyen tou lòt enfòmasyon tou k ap ede w kolabore ak pwofesè ak lekòl pitit ou a. Objektif nou se asre ke tout elèv, ki enkli elèv ki gen enfimite, jwenn aksè a yon edikasyon solid k ap kite yo byen prepare pou inivèsite ak karyè yo.

Anplis pou egzamine ep itilize gid sa, mwen ankouraje ou pwofite de tout opòtinite ke DOE a ofri pou angaje nou nan lekòl pitit ou a. Pwofesè ak direktè pitit ou toujou disponib pou pale avèk ou sou tout kesyon oswa enkyetid ou ka genyen sou edikasyon pitit ou a. Patisipe nan youn oswa nan plis konsèy paran—nan Konsèy Edikasyon Kominotè (Community Education Council) ou a, Konsèy Rejyonal sou Edikasyon Espesyal (Citywide Council on Special Education), ak/oswa Konsèy Distri 75 (District 75 Council) (si pitit ou nan yon lekòl Distri 75) —se yon ekselan fason pou pataje enkyetid ou yo. Biwo Fanmi ak Angajman Kominotè DOE a ([schools.nyc.gov/offices/face](http://schools.nyc.gov/offices/face)) jere eleksyon konsèy paran yo, ofri atelye atravè Akademi Paran an ep patwone lòt aktivite pou ede ou vin pi enplike. Anplis, Biwo Edikasyon Espesyal la akeye konferans sou fanmi epi li rann divès kalite resous espesyal disponib pou fanmi ak elèv ki gen enfimite (ki enkli yon gid ki menm jan ak sa pou fanmi elèv k ap antre nan matènèl yo) sou sit entènèt nou an: [schools.nyc.gov/specialeducation](http://schools.nyc.gov/specialeducation).

Antanke paran, mwen konnen nan ki pwen reyisit pitit ou enpòtan pou ou. Nou kontan pou kontinye kolabore avèk ou pandan n ap travay ansanm pou bay pitit ou yon edikasyon ki ekselan. Mèsi pou angajman kontini ou nan siksè edikasyon pitit ou a.

Sensèman,



Corinne Rello-Anselmio  
Deputy Chancellor (Chanselye Adjwen)

## seksyon 1:

<i>paj 1</i>	<b>An nou Kòmanse! Jwenn Meyè Edikasyon Posib pou Pitit Ou a</b>
<i>paj 2</i>	Poze Bon Kesyon yo Okòmansman
<i>paj 2</i>	Repons a Entèvansyon (RTI: Response to Intervention)
<i>paj 2</i>	Kisa ki Vini Apre? Èske pitit ou Bezwen Lòt Sipò?
<i>paj 2</i>	Paran ak Lekòl k Ap Travay Ansanm

## seksyon 2:

<i>paj 3</i>	<b>Lè Pwosis Edikasyon Espesyal la Kòmanse: Yon Rekòmandasyon Inisyal pou yon Evalyasyon Fèt</b>
<i>paj 4</i>	Pwosis Rekòmandasyon Inisyal
<i>paj 5</i>	Ki Sa Evalyasyon Inisyal la Ap Genyen Ladan l
<i>paj 5</i>	Evalyasyon Endepandan
<i>paj 6</i>	Evalyasyon Bileng
<i>paj 6</i>	E Si Yo te Deja Idantifye pitit ou Kòm yon Elèv ki Gen yon Enfimite?
<i>paj 7</i>	Delè pou Evalyasyon
<i>paj 7</i>	Gid pou Elèv ki Plase pa Paran
<i>paj 7</i>	Apre Evalyasyon an Fini: Rankont CSE a
<i>paj 8</i>	Rezime Previzyon Kontribisyon Manm CSE ki Baze nan Lekòl oswa CSE Distri
<i>paj 8</i>	Kesyon pou Poze nan yon Rankont CSE Distri
<i>paj 9</i>	Wòl Ou nan Rankont CSE a
<i>paj 10</i>	Manm CSE ki Baze nan Lekòl oswa CSE Distri
<i>paj 11</i>	Absans Manm CSE ki Baze nan Lekòl oswa CSE Distri
<i>paj 12</i>	Amande IEP a Apre Revizyon Anyèl

## seksyon 3:

<i>paj 13</i>	<b>Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP: Individualized Education Program)</b>
<i>paj 14</i>	Elijiblite
<i>paj 17</i>	Kontni IEP a
<i>paj 18</i>	Sèvis Tranzisyon

## seksyon 4:

<i>paj 19</i>	<b>A Kisa Pou Atann: Sèvis Edikasyon Espesyal nan Laj pou Lekòl</b>
<i>paj 20</i>	Sèvis Edikasyon Espesyal
<i>paj 20</i>	Sèvis ki Asosye
<i>paj 26</i>	Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal (SETSS: Special Education Teacher Support Services)
<i>paj 26</i>	Ko Ansèyman k Entegre (ICT: Integrated Co-Teaching)
<i>paj 27</i>	Sèvis Klas Espesyal
<i>paj 27</i>	Lekòl Piblik Espesyal pou Elèv ki gen Enfimite ki Grav (District 75 Schools)
<i>paj 28</i>	Pwogram Espesyal nan Lekòl Kominotè
<i>paj 29</i>	Lekòl ki Sipòte pa Eta New York
<i>paj 29</i>	Lekòl ki Pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York (Jounnen)
<i>paj 30</i>	Lekòl ki Pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York (Rezidansyèl)
<i>paj 30</i>	Enstriksyon Adomisil ak nan Lopital
<i>paj 30</i>	aranjman ak Èd ak Sèvis Sipleman
<i>paj 31</i>	Sèvis Edikasyon Jeneral ak Deklasifikasyon
<i>paj 32</i>	aranjman Transpò Espesyal
<i>paj 32</i>	Lòt Sèvis Edikasyon Espesyal

## seksyon 5:

<i>paj 33</i>	<b>Apre IEP a Devlope Òganizasyon Sèvis ak Pwosedi Plasman nan Rankont CSE a</b>
<i>paj 36</i>	Delè Plasman
<i>paj 38</i>	Konsantman pou Faktirasyon Medicaid
<i>paj 38</i>	Opsyon Paran
<i>paj 40</i>	Sekirite Jiridik

## seksyon 6:

<i>paj 41</i>	<b>Planifikasyon Apre Lekòl Segondè–Inivèsite, Karyè ak Apre Segondè</b>
<i>paj 42</i>	Lekòl Segondè
<i>paj 42</i>	Egzijans pou Diplòm
<i>paj 43</i>	Sèvis Tranzisyon ak Opsyon Apre Segondè
<i>paj 44</i>	Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt–Readaptasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR: Adult Career and Continuing Education Services–Vocational Rehabilitation)
<i>paj 45</i>	<b>Lòt Enfòmasyon ki Enpòtan</b>
<i>paj 46</i>	Glosè Tèm yo
<i>paj 55</i>	Enfòmasyon Kontak pou Biwo Konsèy Edikasyon Espesyal NYCDOE

Objektif nou se edike epi soutni pitit ou a.

**Kisa ou ta dwe fè si ou panse pitit ou ka bezwen sèvis edikasyon espesyal?**

– wè paj 2

## **An nou Kòmanse! Jwenn Meyè Edikasyon Posib pou Pitit Ou a**

Ou konnen pitit ou pi byen. Akoz sa, ide, opinyon ak kontribisyon ou yo enpòtan anpil nan fè meyè plan edikasyon ki posib pou li. Manm pèsònèl nan lekòl pitit ou prèt pou travay ak ou pou asire ke pitit ou resevwa sèvis ak sipò li bezwen pou l reyisi nan lekòl.

Timoun aprann ak vitès diferan e nan diferan fason. Kèk timoun gen defisyans fizik ak/oswa defisyans entèlektyèl. Gen kèk ki gen pwoblèm nan yon sèl kote, alòske gen lòt ki gen divès enfimite. Chak timoun ki gen yon enfimite gen dwa a sa yo rele yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education), menm jan ak kamarad ki pa enfim yo nan mezi ki posib.

Si pitit ou gen yon enfimite, Ministè Edikasyon an (DOE: Department of Education) ap bay soutyen edikasyon espesyal ak sèvis ki fèt espesyalman pou reponn a bezwen endividyèl li san ou pa peye.

## Poze Bon Kesyon yo Okòmansman

Si ou kwè ke pitit ou ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, li enpòtan ke ou poze bon kesyon yo depi nan kòmansman. Pale ak pwofesè aktyèl pitit ou pou w chèche konnen si gen sipò ki disponib nan etablisman edikasyon jeneral nan lekòl li ye deja a. Kalite soutyen sa yo ta dwe tout sa pitit ou bezwen.

Lekòl yo ofri soutyen ki enkli entèvansyon edikatif, pwogram kou ratrapaj lekti, ak oryantasyon. Li ka posib tou pou adapte pwogram edikasyon jeneral pitit ou san sèvis edikasyon espesyal.

## Repons a Entèvansyon (Rtl: Response to Intervention)

**Repons a Entèvansyon (Rtl: Response to Intervention)** se yon apwoch edikatif ak yon zouti prevantif lekòl yo itilize pou asire yo ke tout elèv yo gen menm aksè a enstriksyon wo nivo, ki solid ki koresponn ak bezwen yo. Rtl a travay pou amelyore pèfòmans elèv yo lè li idantifye elèv ki gen difikilte yo bonè epi bay sipò oswa entèvansyon ki nesèsè. Rtl a ka espesyalman pwisan kote anpil elèv ka benefisyon sipò Rtl a bay pou kont li epi yo ka pa bezwen lòt sèvis. Anvan pou rekòmande yon elèv yo sispèk ki gen yon twoub aprantisaj nan lekti pou yon evalyasyon edikasyon espesyal, lekòl yo dwe dokimante etap yo swiv pou soutni elèv la nan etablisman edikasyon jeneral li nan modèl Rtl yo a epi kenbe done konsènan reyaksyon elèv la a entèvansyon yo bay la. Enfòmasyon sa ap prezante a ekip ki baze nan lekòl la ak paran yo lè pou deside si yon evalyasyon edikasyon espesyal nesèsè. Nan ka yo te kòmanse yon evalyasyon edikasyon espesyal, epi rezilta yo endike yon twoub aprantisaj nan lekti, done ki kolekte pandan pwosesis Rtl a bay lòt enfòmasyon sou teknik edikatif ak sipò ki pi apwopriye pou elèv endividyèl yo. Tanpri note ke paran yo gen dwa mande yon rekòmandasyon pou yon evalyasyon edikasyon espesyal nenpòt lè.

Rtl a ka itilize tou kòm yon modèl entèvansyon milti-nivo pou elèv ki gen enfimite yo nan anviwònman ki mwens restriksyon yo a, menm jan yo fè pou tout lòt elèv. Nan fason sa, elèv ki gen enfimite yo resevwa sipò adisyonèl jan ki apwopriye, pandan y ap kontinye resevwa sèvis ak aranjman selon Pwogram Edikasyon Endivyalize yo (IEP: Individualized Education Programs) Pou aprann plis sou Rtl, mande lekòl ou plis enfòmasyon oswa ale sou NYSED— Yon gid Paran sou Repons a Entèvansyon (A Parent's Guide to Response to Intervention (Rtl))

Repons a Entèvansyon (Rtl: Response to Intervention) <http://www.p12.nysed.gov/specialed/RTI/parent.htm> ak resous paran sou Rtl NYC DOE <http://schools.nyc.gov/ParentsFamilies/getmoreinfo/RTIoverview.htm>

## Kisa ki Vini Apre? Eske pitit ou Bezwen Lòt Sipò?

Si yo te aplike estrateji Repons a Entèvansyon (Rtl: Response to Intervention) epi ou te pale ak pwofesè ak lekòl pitit ou a, ou ka toujou santi ke pitit ou bezwen sipò adisyonèl. Nan ka sa, ou ka rekòmande pitit ou pou yon evalyasyon edikasyon espesyal, ki se yon seri evalyasyon pou detèmine si pitit ou a gen yon enfimite. Ou ka fè yon rekòmandasyon pou yon evalyasyon edikasyon espesyal nenpòt lè. — *Tanpri gade paj 4. Pwosesis Rekòmandasyon Inisyal la.*

### Paran ak Lekòl k Ap Travay Ansanm:

Li enpòtan pou ou antanke paran, pou w enplike nan edikasyon pitit ou. Echanj enfòmasyon ak pwofesè pitit ou ak founisè sèvis asosye yo ap ede yo aprann le plis ke posib sou pitit ou a. Pa egzanp, li enpòtan pou pataje eksperyans edikatif pitit ou ate fè epi kisa ou te obsève nan fwa pitit ou te pi reyisi yo.

- Kisa ki fè resòti pi bon aspè nan pitit ou a?
- Ki sipò, si genyen, ki nesèsè pou pitit ou kenbe konpòtman pozitif?
- Kisa pitit ou renmen fè lè li pa lekòl?

Anplis, ou ka vle poze kesyon a pwofesè a ak lòt pèsonèl lekòl la k ap ede ou konprann kijan pou w ede pitit ou grandi epi pwogrese. Pa egzanp,

- Ki kalite kesyon mwen ta dwe poze pitit mwen an pandan n ap li ansanm?
- Kijan mwen ka ede pitit mwen an si li gen difikilte ak devwa yo?
- Ki aktivite aprantisaj mwen ka fè lakay oswa nan vwazinaj la?
- Èske pitit mwen an antann li byen ak lòt elèv nan lekòl la?
- Èske pitit mwen an gen difikilte pou swiv direksyon oswa fè sa yo mande l fè? Kisa ou fè si sa rive nan klas la?
- Èske gen entèvansyon espesyal ki te itilize pou trete tout difikilte pitit mwen an genyen?
- Kisa ou ka di m (kisa ou te remake) sou fason pitit mwen an aprann?
- Èske pitit mwen an aprann nan rit yo prevwa nan nivo devlopman li?



# seksyon 2

Detèminasyon  
si pitit ou gen  
yon enfimite  
epi si li bezwen  
sèvis edikasyon  
espesyal.

**E si pitit mwen an bezwen  
yon evalyasyon bileng?**

– wè paj 6

## Lè Pwosesis Edikasyon Espesyal la Kòmanse: Yon Rekòmandasyon Inisyal pou yon Evalyasyon Fèt


Tout elèv yo panse ki gen yon enfimite elijib pou yon evalyasyon. Li enpòtan lè li posib, ke pèsonèl ki konnen pitit ou epi ki siseptib pou bay sèvis pou li, fè pati pwosesis evalyasyon an.

### **Kilès ki Responsab Rekòmandasyon, Evalyasyon ak Plasman?**

Si pitit ou nan lekòl piblik, lekòl sa responsab evalyasyon elèv la, si li nesèsè, pou devlope Pwogram Edikasyon Espesyalize a (IEP: Individualized Education Program) epi bay sèvis edikasyon espesyal yo. Pou elèv ki nan lekòl ki pa lekòl piblik, prive, pawasyal oswa lekòl charter, oswa ki se elèv ki pa ale lekòl, pèsonèl nan Biwo Konsèy sou Edikasyon Espesyal (CSE: Special Education Office), responsab pou evalye elèv la epi devlope IEP a. CSE distri a responsab pou òganize sèvis yo tou.



## Etap Pwosesis Edkasyon Espesyal la\*



### Pwosesis Rekòmandasyon Inisyal

Selon Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon Moun ki Gen Enfimite (IDEIA: Individuals with Disabilities Education Improvement Act) ak Règleman Eta New York yo, sèlman moun espesyal ka fè rekòmandasyon pou yon evalyasyon inisyal, alòske diferan moun ka fè yon bagay ki rele yon **Demand Evalyasyon Inisyal**. Pwosesis sa soulinye anba a.

Premye etap la nan detèmine si pitit ou gen yon enfimite epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal se mande yon evalyasyon. Rekòmandasyon inisyal sa *dwe fèt alekri* e li ka fèt pa oumenm oswa yon ofisyèl distri eskolè ki dezinye a.

### Mwayen pou w mande yon evalyasyon inisyal pou pitit ou a:

- Voye yon lèt bay direktè a nan lekòl pitit ou si pitit ou nan lekòl piblik;
- Voye yon lèt nan CSE Distri lokal la pou mande yon evalyasyon (*wè paj 55 pou enfòmasyon kontak yo*) Si pitit ou nan yon lekòl prive, yon lekòl ki pa lekòl piblik, pawasyal oswa charter aktyèlman, oswa li pa lekòl aktyèlman oswa;
- Bay yon deklarasyon ekri a yon manm pèsònèl pwofesyonèl nan lekòl pitit ou a;
- Mande yon pwofesyonèl ede w fè yon rekòmandasyon.

### Kilès ki ka fè yon rekòmandasyon inisyal anplis de pa paran an?

- **Yon ofisyèl distri eskolè a**, ki vle di, direktè lekòl piblik nan distri kote elèv la rete a, kote li lekòl legalman oswa kote li elijib pou ale lekòl la, oswa Prezidan CSE Distri a si elèv la pa lekòl oswa si li nan yon lekòl pawasyal, charter oswa prive;
- **Komisè oswa ofisyèl yon ajans piblik** ki responsab edikasyon pitit ou a;
- **Yon ofisyèl yon pwogram edikasyon** ki afilye ak yon enstitisyon swen timoun ak responsablite CSE.

### Kilès ki ka fè yon *demand* pou Rekòmandasyon inisyal?

- **Yon manm pèsònèl pwofesyonèl** distri eskolè kote elèv la rete a oswa lekòl piblik oswa prive pitit ou ale lekòl legalman oswa kote li elijib pou ale lekòl la;
- **Yon doktè ki gen lisans;**
- **Yon ofisyèl jidisyèl;**
- **Yon manm pèsònèl pwofesyonèl** yon ajans piblik ki gen responsablite asistans sosyal, sante oswa edikasyon timoun nan;
- **Yon elèv** ki gen 18 tan oswa ki pi gran, oswa yon minè emansipe.

### Aprè demand pou rekòmandasyon inisyal la fèt:

Nan 10 jou lekòl, lekòl la ap swa:

- Kòmanse pwosesis rekòmandasyon an lè li voye yon **Lèt Avi pou Rekòmandasyon ba ou**, nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*); oswa
- Ba ou yon kopi demand rekòmandasyon an, pou enfòmè ou ke ou ka rekòmande pitit ou oumenm, pou ofri ou yon opòtinite pou diskite demand pou rekòmandasyon epi diskite disponiblite sèvis sipò edikasyon jeneral ki apwopriye pou pitit ou a. Y ap voye Avi **Demand pou Rekòmandasyon Inisyal** ki detaye pwosesis la.

### Kisa ki vini apre? Lè yo te fè yon demand pou rekòmandasyon inisyal:

Lè yo te fè yon rekòmandasyon, y ap voye yon **Lèt Avi Rekòmandasyon ba ou**, ki:

- Eksplike dwa ou antanke paran;
- Ba ou non ak nimewo telefòn moun pou rele si ou gen nenpòt kesyon; epi
- Mande ou rankontre travayè sosyal lekòl la nan yon entèvyou sou antesedan sosyal. Pandan rankont sa, y ap eksplike ou tout dwa ou yo nan lang ou prefere oswa mwayen kominikasyon an, ak èd yon entèprèt, sou demand.

\*Yo ka detèmine ke pitit ou pa elijib oswa pa bezwen sèvis edikasyon espesyal, a nenpòt moman nan pwosesis sa. (Wè Elijibilite nan paj 14 pou plis enfòmasyon.)



Si pitit ou pat janm resevwa sèvis edikasyon espesyal, y ap mande w siyen yon **fòm Konsantman pou Evalyasyon x Inisyal**, nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*).

Menm si ou fè rekòmandasyon ekri a ou menm, ou dwe toujou konsanti pou evalyasyon an pou pwosesis la kòmanse.

Si ou chwazi *pa* siyen konsantman an, epi si se yon rekòmandasyon inisyal, pitit ou a *p ap evalye*.\*

### Kisa Evalyasyon Inisyal la Ap Genyen Ladan l?

Yon evalyasyon inisyal pou detèmine si pitit ou gen yon enfimite *dwe* enkli:

- Yon evalyasyon psiko-edikatif jeneral ki verifye kisa pitit ou konnen epi kijan li aprann li;
- Yon antesedan sosyal de antesedan devlopmantral ak famiyal pitit ou a, souvan depi nesans jiska kounye a;
- Yon obsèvasyon pitit ou nan etablisman edikatif aktyèl li a;
- Gen lòt tès ki ka apwopriye pou pitit ou tankou evalyasyon lapawòl, langaj, ak evalyasyon konpòtman fonksyonèl oswa teknoloji asitans, sou demand;
- Evalyasyon ki enkli yon egzamen dosye lekòl, evalyasyon pwofesè ak entèvyou paran ak elèv la pou detèmine konpetans pwofesyonèl ak enterè pou elèv ki gen 12 an ak sa ki pi gran.

**Evalyasyon an ap detèmine kapasite, abilite ak domèn bezwen pitit ou ki afekte pèfòmans eskolè li.**

Evalyasyon an ap detèmine kapasite, abilite ak domèn bezwen pitit ou ki afekte pèfòmans eskolè li, ki enkli enplikasyon nan pwogram edikasyon jeneral la. Y ap mande tou pou bay CSE lekòl la oswa CSE distri a yon egzamen fizik resan pou pitit ou a. Si ou gen pwoblèm pou w jwenn youn, CSE lekòl la oswa CSE distri a ap ede w jwenn youn, san w pa peye.

### Evalyasyon Endepandan

Yon evalyasyon endepandan vle di yon tès oswa evalyasyon ki fèt pa yon egzaminatè ki kalifye ki pa travay pou Ministè a oswa lekòl pitit ou a. Byenke Ministè a ap fè tout tès ak evalyasyon ki nesèsè, ou gen dwa tou pou w bay CSE lekòl la oswa CSE distri a evalyasyon prive ki te fèt sou pwòp depans ou.

Si pitit ou elijib pou Medicaid, evalyasyon sa yo ap kouvri pa Medicaid. Si ou vle pou DOE a konsidere evalyasyon endepandan, ou dwe bay yo a lekòl pitit ou si pitit ou nan yon lekòl piblik, oswa CSE distri a si pitit ou nan yon lekòl ki pa lekòl piblik, prive, pawasyal oswa charter oswa li pako lekòl.

Si ou pa dakò ak evalyasyon Ministè a e ou ta renmen pou Ministè a peye yon evalyasyon endepandan, ou dwe avize CSE lekòl la oswa CSE distri a de demand sa *pa ekri*. Ministè a ka swa dakò pou peye yon evalyasyon endepandan oswa inisyè yon Odyans Enpasyal pou montre ke evalyasyon li yo apwopriye.



\*Tanpri, konnen ke CSE Distri a oswa direktè lekòl la ka mande Medyasyon oswa Odyans San Patipri pou jwenn otorite pou fè yon evalyasyon inisyal.

## Evalyasyon Bileng

Kèk timoun egzije yon evalyasyon bileng, ki fèt an Anglè ak nan lang natal/lakay pitit ou pa pwofesyonèl ki konprann toulede lang yo. Y ap bay pitit ou yon evalyasyon bileng ki baze sou lang ou itilize lakay ou a, jan li endike nan Ankèt Idantifikasyon Lang Adomisil (Home Language Identification Survey) la, ak rezilta Tès Idantifikasyon pou Elèv k Ap Aprann Anglè Eta New York yo (NYSITELL: New York State Identification Test for English Language Learners) oswa Tès Konpetans Anglè kòm Dezyèm Lang Eta New York la (NYSESLAT: New York State English as a Second Language Achievement Test), ki se tès ki evalye kapasite pitit ou pou pale, li, koute epi ekri an Anglè. Si yo detèmine ke pitit ou bezwen yon evalyasyon bileng, y ap asinye l yon evalyatè bileng Ministè Edikasyon Vil New York. Si yon evalyatè bileng pa disponn, Ministè a ap itilize yon evalyatè bileng ki travay pou yon ajans sou kontra ak Ministè a, yon evalyatè bileng endepandan k pa nan Ministè a oswa yon evalyatè monoleng ak yon entèprèt pou mennen evalyasyon an.

Yo itilize NYSITELL ak NYSESLAT tou pou detèmine si pitit ou se yon Elèv k Ap Aprann Lang Anglè (ELL: English Language Learner). Si pitit ou se yon ELL men CSE lekòl la oswa CSE distri a sispèk ke pitit ou pa bezwen sèvis ELL yo (pa egzanz, Anglè kòm dezyèm lang oswa sèvis bileng), CSE lekòl la oswa CSE distri a ka mande yon manm pèsònèl ki gen ekspètiz nan ELL pou revize enfòmasyon pitit ou atravè pwosesis Detèminasyon Bezwen nan Akizisyon Lang Anglè (ELAND: English Language Acquisition Needs Determination). Se pa tout elèv ki kalifye pou ELAND. Tanpri mande CSE lekòl la oswa CSE distri a oswa direktè lekòl ou si pitit ou kalifye.

Si DOE a peye pou evalyasyon an, ou *dwe* bay Ministè a rezilta yo.

Si Ofisye Odyans San Patipri a twouve ke evalyasyon ki te fèt pa DOE a apwopriye, ou gen dwa jwenn epi soumèt yon evalyasyon prive bay CSE lekòl oswa CSE distri a, men Ministè a pa dwe peye peye pou evalyasyon an. Lè DOE a dakò peye yon evalyasyon endepandan oswa yon Ofisye Odyans San Patipri te òdone pou yo fè yon evalyasyon endepandan, evalyatè endepandan an(yo) dwe reponn a kritè Ministè a tabli a. Ministè a ap peye pou evalyasyon endepandan yo si sèlman:

- Yo fèt pa moun ki kalifye;
- Frè evalyasyon an pa depase tarif maksimòm DOE a etabli a; epi
- Ou mande ranbousman pou evalyasyon endepandan an(yo) nan yon tan ki rezonab.

### E si Yo te Deja Idantifye pitit ou Kòm yon Elèv ki Gen yon Enfimite?

Aprè pitit ou fin resevwa sèvis edikasyon espesyal, yo fè yon rankont CSE chak ane pou egzamine pwogrè pitit ou a. Sa rele yon **Revizyon Anyèl**.

Anplis, yo ka refere li pou sa yo rele **Re-evalyasyon**. Ak rezilta ou a, CSE lekòl la oswa CSE distri a ap revize done sou pitit ou epi detèmine si nouvo evalyasyon yo ta dwe fèt.

DOE a ka mande re-evalyasyon si li detèmine ke sèvis edikatif oswa sèvis ki asosye yo dwe revalye ankò. Yon re-evalyasyon ka mande pa ou menm oswa pèsònèl lekòl la men li pa ka fèt plis pase yon fwa pa ane amwenke ou menm ak Ministè a dakò *pa ekri*.

Anplis, yon re-evalyasyon dwe fèt yon fwa chak twa zan, amwenke ou menm ak distri lekòl la dakò *pa ekri* ke li pa nesesè. Sa rele yon **Re-evalyasyon ki Mandate pou Twa Zan** (yo rele fòmèlman yon **Triyenal**). Lè evalyasyon an fin fèt, tout rapò yo ap pataje avèk ou. Rapò yo enkli, fòs ak feblès pitit ou ak sipò pitit ou ka bezwen nan lekòl.

Si CSE lekòl la oswa CSE distri a detèmine ke gen nouvo evalyasyon ki nesesè nan kad re-evalyasyon an, y ap mande w bay konsantman ou pou fè nou tès ak evalyasyon yo. Konsantman pou evalyasyon vle di w ap bay pèmision ou pou yo fè yon evalyasyon pou detèmine elijibilite kontini.

Si se yon re-evalyasyon ak DOE a pa resevwa repons nan men ou, pèsònèl DOE a ka fè evalyasyon an apre plizyè esè pou kontakte ou ki dokimante.

Si ou refize konsanti pou nouvo evalyasyon yo, CSE distri oswa direktè lekòl la ka mande Medyasyon oswa yon Odyans San Patipri pou jwenn otorite pou fè nouvo evalyasyon yo. Nan ka yon Ofisye Odyans San Patipri ap deside si pitit ou ta dwe evalye oswa non.

## Delè pou Evalyasyon

Lè DOE a resevwa konsantman ou a, Ministè a gen **60 jou sivil** pou evalye pitit ou a. Men, si ou retade delè pwosesis evalyasyon an san rezon valab, delè a ka ajiste.

Si evalyasyon yo pa fini nan 60 jou sivil epi ou pat retade pwosesis la, w ap resevwa yon **Lèt Otorizasyon pou Evalyasyon**. Lèt la eksplike kijan ou ka chwazi yon evalyatè endepandan ki apwopriye ki gen lisans ki pa nan Ministè Edikasyon an san w pa peye. Li enkli yon lis non, adrès, ak nimewo telefòn ajans piblik ak prive ki apwopriye ak lòt resous pwofesyonèl ou ka jwenn yon evalyasyon endepandan ladan yo.

## Gid pou Elèv ki Plase pa Paran

Elèv ki Plase pa Paran se elèv paran yo plase yo nan yon lekòl ki pa lekòl piblik sou depans paran an. Elèv sa yo ka rezidan Vil New York oswa p ap viv nan Vil New York men nan Eta New York, oswa yo ka ap viv nan yon lòt eta. DOE a gen kèk responsablite pou elèv ki plase pa paran ki nan lekòl ki pa lekòl piblik ki sitiye nan Vil New York yo, kèlkeswa kote yo rete.

Yon elèv ki plase pa paran yo te jwenn ki te kalifye pou sèvis edikasyon espesyal dwe mande yo *pa ekri* nan distri eskolè kote a, nan ka sa, sèvis CSE distri Vil New York la.

Pou fasilite pwosesis sa, CSE distri a ap voye **Demand pou Sèvis Edikasyon Espesyal** yo apati chak ane a tout paran elèv ki plase pa paran ki gen enfimite ke yo te idantifye yo kòm responsablite yo. Pou sèvis yo kontinye, paran yo dwe ranpli fòm nan epi retounen l nan CSE distri ki apwopriye a.

Yo egzije yon rankont CSE anyèl pou egzamine pwogrè pitit ou a.

## Aprè Evalyasyon an Fini: Rankont CSE a

Lè evalyasyon pitit ou fini, y ap envite w patisipe nan yon rankont CSE nan yon dat ak lè ki agreyab pou tout moun. Se yon rankont ki enpòtan kote w ap rankontre pèsònèl lekòl pitit ou a, oswa CSE distri a si pitit ou pa lekòl oswa nan yon lekòl ki pa lekòl piblik, pawasyal prive oswa charter. Li trè enpòtan ke ou menm ak pèsònèl lekòl la pataje enfòmasyon ak ide epi travay ansanm antanke yon ekip.

Ou ta dwe resevwa yon envitasyon ekri nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*) omwen senk jou anvan rankont lan. Pèsònèl nan lekòl pitit ou a, oswa CSE distri a si pitit ou nan yon lekòl k pa lekòl piblik oswa yon lekòl charter oswa li pa lekòl, ka eseye kontakte ou pa telefòn pou konfime ke w ap patisipe.

Si ou pa ka patisipe nan reyinyon an, *ou dwe kontakte CSE lekòl la oswa CSE distri a* epi mande pou chanje dat la. Li trè enpòtan pou w patisipe nan rankont CSE a pou kapab patisipe nan yon desizyon final ke y ap pran sou sèvis ak pwogram edikasyon espesyal pitit ou a. Obsèvasyon ak opinyon ou enpòtan epi yo dwe konsidere yo nan rankont la. Sou demand, y ap ba ou yon entèprèt nan rankont CSE a.

Ou ka mande pou yo ba ou tout evalyasyon, dosye ak rapò ki te itilize pou evalye pitit ou anvan rankont CSE a epi yo dwe eksplike w yo nan lang prefere oswa mwayen kominikasyon ou. Nan kèk ka, li ka preferab pou w pase pran rapò yo anvan jou rankont CSE a olye yo voye yo pa lapòs pou ou pou yo ka abòde nenpòt enkyetid imedyà. Si ou chwazi pou pase pran evalyasyon yo, travayè sosyal la ap ba ou enfòmasyon kontak pou aranje yon lè pou w pase pran evalyasyon yo ep diskite epi/oswa revize evalyasyon yo.



Si ou bezwen èd pou lang (ki enkli entèpretasyon ak tradksyon) pou w konprann evalyasyon pitit ou ak IEP a, tanpri enfòmè CSE lekòl oswa CSE distri ou a.

Rankont CSE a ap fèt nan lekòl pitit ou si pitit ou nan yon lekòl piblik. Si pitit ou pa lekòl oswa li nan yon lekòl ki pa lekòl piblik oswa nan yon lekòl charter, rankont CSE a ap fèt nan CSE distri a oswa nan lekòl ki pa lekòl piblik oswa lekòl charter, si posib.

Chak manm ekip pote enfòmasyon enpòtan nan rankont CSE a. Nan rankont CSE a, manm yo pataje enfòmasyon epi travay ansanm pou detèmine si pitit ou gen yon enfòmasyon epi pou mande sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye a. *Ou se yon manm ki gen manda legal CSE lekòl la oswa CSE distri a epi kontribisyon ou enpòtan.*

## Rezime Previzyon Kontribisyon Manm CSE Lekòl la oswa CSE Distri a

Pwofesè yo

Pwofesè yo se patisipan vital nan rankont CSE a. Si pitit ou patisipe oswa ka patisipe nan anviwònman edikasyon jeneral, omwen youn nan pwofesè *edikasyon jeneral pitit ou a* dwe patisipe nan rankont CSE a. Yo atann pou pwofesè a prezante enfòmasyon sou pèfòmans pitit ou nan klas edikasyon jeneral la epi ede CSE lekòl oswa CSE distri a pran desizyon sou patisipasyon nan pwogram edikasyon jeneral ak lòt aktivite lekòl yo.

Pwofesè Edikasyon Jeneral

- Dekri pwogram edikasyon jeneral nan klas edikasyon jeneral la;
- Detèmine èd ak sèvis siplemantè ki apwopriye (pa egzanp, entèvansyon sou konpòtman ak plan sipò, aranjman pwogram, modifikasyon pwogram, sipò endividyèl) oswa chanjman nan pwogram edikatif k ap ede pitit ou aprann epi reyisi;
- Èd pou devlope entèvansyon konpòtmantal ki apwopriye si konpòtman an se yon pwoblèm;
- Ka diskite sipò pou pèsonèl lekòl la ki ka neseses pou elèv ki patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la.

## Kesyon pou Poze nan yon Rankont CSE

- Kijan pwofesè a te akomode aprantisaj ak bezwen konpòtmantal pitit mwen an nan klas la?
- Èske gen bagay mwen ka fè nan klas la pou sipòte objektif IEP yo?
- Ki kalite aprenan pitit mwen an ye? Èske pwofesè a eseye itilize fòs pitit mwen an pandan l ap anseye li?
- Nan ki frekans yo kontwole pwogrè pitit mwen an? Ki meye fason pou m rete an kontak ak pwofesè pitit mwen an pou m enfòmè de pwogrè akademik ak konpòtmantal yo?
- Èske pitit mwen an ap fè pwogrè pou l atenn objektif IEP li yo?
- Kijan yo entegre Nòm Aprantisaj Debaz Komen (Common Core Learning Standards) yo nan enstriksyon pitit mwen an?
- Si yon sèvis pa fonksyone, kijan mwen ka travay ak CSE lekòl oswa CSE distri pitit mwen an pou eksplòre meye sèvis pou li?
- Ki kalite pwogram oswa sipò ki ta ka ede pitit mwen an? Kijan m ka jwenn yo?
- Ki kritè pwomosyon ki genyen pou pitit mwen an? Kijan y ap evalye l selon nivo klas li?
- Ki egzijans gradyasyon ki genyen nan lekòl segondè pou pitit mwen an? Ki objektif diplòm ki genyen pou pitit mwen an? Ki pwogrè li fè pou atenn objektif sa yo? Ki kantite kredi pitit mwen an genyen epi k kantite tès Regents li pase deja spesyalman?

## Wòl Ou nan Rankont CSE a

Ou se yon manm ki gen manda legal nan CSE lekòl oswa CSE distri pitit ou a. Ou konnen pitit ou pi byen epi ou ka pale sou fòs ak bezwen li. E, antanke paran, ou ka pale de panse ak ide sou ki meyè fason pou edike pitit ou a.

Antanke manm CSE lekòl la oswa CSE distri a, ou ta dwe:

- Ofri kontribisyon sou kijan pitit ou aprann oswa kisa enterè li yo ye epi pataje lòt bagay sou pitit ou ke yon paran sèlman ka konnen;
- Koute sa lòt manm ekip la panse pitit ou bezwen travay sou li nan lekòl la epi pataje sijesyon ou yo;
- Fè rapò pou konnen si pitit ou utilize pèfòmans l ap aprann nan lekòl la lakay li;
- Poze kesyon a tout manm ak patisipan nan reyinyon an;
- Travay ak rès ekip la pou devlope IEP a.

## Pwofesè Edikasyon Espesyal ak/oswa Founisè Sèvis ki Asosye

Manm sa yo pote kontribisyon enfòmasyon ak eksperyans k enpòtan sou kijan pou edike timoun ki gen enfimite yo. Akòz fòmasyon li nan edikasyon espesyal, li ka:

- Diskite de nivo pèfòmans edikatif aktyèl pitit ou a, ki enkli pwogrè pou rive nan objektif IEP yo, si pitit ou ap resevwa sèvis edikasyon espesyal aktyèlman;
- Dekri stil aprantisaj, konpòtman ak patisipasyon pitit ou a;
- Fè rekòmandasyon konsènan soutyen ak sèvis k ap pèmèt pitit ou reyisi nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an;
- Asire ke priyorite pou pitit ou se, rete nan lekòl aktyèl li a;
- Eksplike kijan pou modifiye pwogram edikasyon jeneral pou ede pitit ou aprann.

CSE lekòl oswa CSE distri a se paran, pèsonèl lekòl ki konnen pitit ou ak lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal sou pitit ou a.

## Reprezantan Distri a

Reprezantan Distri a prezide rankont CSE a epi fasilite diskisyon ouvè pami tout patisipan yo konsènan elijibilite elèv la ak devlopman IEP a. Li asire ke ou se yon patisipan ki enpòtan epi li ankouraje ou souve enkyetid ou ka genyen sou edikasyon pitit ou a.

Reprezantan Distri a:

- Bay enfòmasyon sou pwogram sèvis yo tou, ki vle di pwogram ak sipò ki disponib nan lekòl pitit ou ak nan lòt lekòl nan distri a;
- Asire ke tout pwogram ak sèvis yo konsidere;
- Eksplike ou ke timoun ki gen enfimite dwe edike ak timoun ki pa andikape nan limit maksimòm ki apwopriye. Anplis, l ap eksplike ou ke CSE lekòl oswa CSE distri a dwe konsidere si pitit ou ka pwogrese nan fason ki satisfèzan nan etablisman edikasyon jeneral lè l ap rekòmande lòt pwogram.

Pou plis enfòmasyon sou kilès ki ka sèvi kòm Reprezantan Distri a, tanpri gade nan tablo a nan paj 10.



## Manm CSE lekòl oswa CSE Distri yo:

- **Nou menm; parana n (yo)** oswa moun ki nan yon relasyon parantal ak pitit ou a.
- **Omwen yon pwofesè edikasyon jeneral elèv la** nenpòt lè pitit ou patisipe oswa ka patisipe nan yon anviwònman edikasyon jeneral.
- **Yon pwofesè edikasyon espesyal.** Pou rekòmandasyon insyal, youn nan pwofesè edikasyon espesyal lekòl la kòm reprezantan edikasyon espesyal ekip la. Si yon timoun deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, youn nan pwofesè edikasyon espesyal timoun nan dwe patisipe. Si pitit ou resevwa sèvis ki asosye yo sèlman (pa egzanzp, Otofoni), founisè sèvis ki asosye pitit ou dwe jwe wòl sa.
- **Yon psikològ lekòl la** dwe patisipe nan rankont CSE yo nenpòt lè y ap egzamine yon nouvo evalyasyon psiko-edikatif (prensipalman pandan yon evalyasyon inisyal, re-evalyasyon ak yon re-evalyasyon ki mandate pou twa zan) oswa yon chanjman nan sèvis edikasyon espesyal ki enkli lè yo konsidere yon rapò pèsònèl ak etidyan ki pi entansif.
- **Yon travayè sosyal lekòl la** ka patisipe nan rankont CSE a si li enplike nan pwosesis evalyasyon an.
- **Yon moun ki ka entèprete enplikasyon edikatif** rezilta evalyasyon yo. Moun sa se ka yon manm CSE distri lekòl oswa CSE distri a ki ranpli yon lòt wòl tou, tankou pwofesè edikasyon jeneral, pwofesè edikasyon espesyal, founisè edikasyon espesyal oswa psikològ lekòl la. Moun sa ap pale de kijan rezilta evalyasyon yo ka afekte enstriksyon an.
- **Yon Reprezantan Distri.** Moun sa dwe kalifye pou bay oswa sipèvize prestasyon sèvis edikasyon espesyal yo epi li konpetan tou sou pwogram edikasyon jeneral ak disponiblite resous distri yo. Pou rankont CSE yo fèt nan lekòl piblik, reprezantan distri a deziyen pa direktè lekòl la. Moun sa ka yon manm CSE lekòl oswa CSE distri a ki jwe yon lòt wòl. Moun sa la pou faslite konsansis gwoup la sou tout kesyon ki gen rapò ak devlopman IEP a.
- **Yon doktè lekòl la**, si yo mande l espesyalman *pa ekri* pa ou menm, paran an, oswa pa yon manm nan lekòl la omwen 72 è anvan rankont lan.
- **Yon lòt manm parantal.** Se yon paran yon elèv ki gen yon enfimte k ap viv nan distri lekòl la oswa nan yon distri lekòl vwazen an yo ka egzije patisipe. Yon paran ka mande patisipasyon manm parantal la.
- **Lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal** konsènan pitit ou a, ki enkli pèsònèl sèvis ki asosye yo jan li apwopriye, jan distri lekòl la oswa paran an(yo) dezinye a.
- **Pitit ou (elèv)**, si li apwopriye Si pitit ou gen 15 an oswa plis, yo dwe envite l nan rankont lan.



## Psikològ/Travayè Sosyal

Patisipasyon psikològ lekòl la pa obligatwa. Psikològ lekòl la dwe patisipe nenpòt lè y ap egzamine yon nouvo evalyasyon psiko-edikatif oswa y ap konsidere yon changman nan sèvis edikasyon espesyal elèv la ak yon rapò pèsònèl a etidyan ki pi entans. Travayè sosyal lekòl la ka patisipe si li enplike nan pwosesis evalyasyon an. Si psikològ ak/oswa travayè sosyal lekòl la ap patisipe, y ap pataje enfòmasyon enpòtan yo te jwenn pa evalyasyon/obsèvasyon ak ekip la epi revize enfòmasyon yo. Ekspètiz yo enpòtan pou pwosesis la, epi ou ta dwe poze yo kesyon si ou pa konprann sa y ap revize oswa diskite a.

### Lòt moun ak/oswa Ekspè

CSE lekòl la oubyen CSE distri a ka enkli tou lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal sou pitit ou a.

Ou ka envite, pa egzanzp:

- Yon pwofesyonèl ki gen ekspètiz espesyal sou pitit ou ak sou enfimite li a;
- Lòt moun ki ka pale de fòs ak/oswa bezwen pitit ou a.

Ministè edikasyon an ka envite youn oswa plis moun ki ka ofri ekspètiz jeneral oswa konesans sou timoun nan, tankou yon parapwofesyonèl oswa pwofesyonèl sèvis ki asosye yo.

Ou se yon manm ki gen manda legal nan CSE lekòl la oswa CSE distri a epi kontribisyon ou yo enpòtan.

## Absans Manm CSE lekòl oswa CSE distri a

Nan kèk sikonstans, yon manm CSE lekòl oswa CSE distri ki mandate ka dispanse pou patisipe nan yon rankont CSE, men se sèlman si li pa yon rankont CSE inisyèl.

Tanpri pran nòt ke yon CSE lekòl oswa CSE distri pa ka dispanse regilyèman epi san akò oswa konsantman ou, manm CSE lekòl oswa CSE distri ki mandate yo. Ou menm ak CSE lekòl oswa CSE distri a dwe detèmine si li fè sans pou fè yon rankont CSE san patisipasyon yon manm ekip patikilye oswa si li ta ka pi bon pou replanifye rankont lan pou moun nan ka prezan epi patisipe nan diskisyon an.

### Lè yo P AP Diskite Matyè Pwogram oswa Sèvis ki Asosye yon Manm CSE Lekòl oswa CSE Distri a

Lè matyè pwogram oswa sèvis ki asosye yon manm CSE lekòl oswa CSE distri *p ap* modifiye oswa diskite nan rankont CSE a, ou ka dakò pou dispanse yo. Yon manm pa ka dispanse san yon agreman ekri. Akò pou dispanse manm nan dwe fèt **omwen 5 jou sivil avan rankont CSE a fèt**.

Ou menm, direktè a, ofisyèl oswa CSE distri a ka fè demand sa nan **fòm Avi rankont CSE/Demand Dispans Manm** nan, nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*). Si ou dakò ak ekskiz manm nan, ou dwe siyen fòm nan epi retounen nan kontak moun ki endike a. Si ou pa dakò, manm sa *p ap* ka dispanse de reyinyon an.



## Lè Y Ap Diskite Matyè Pwogram oswa Sèvis ki Asosye yon Manm CSE Lekòl oswa CSE Distri a

Yo ka dispansè yon manm CSE lekòl oswa CSE distri a menm si y ap diskite matyè pwogram oswa sèvis ki asosye *manm* nan. Y ap mande yo soumèt kontribisyon ekri bay ou menm ak CSE lekòl oswa CSE distri a anvan rankont lan. Yon manm pa ka dispansè san konsantman ou. Kontribisyon manm CSE lekòl oswa CSE distri ki dispansè a dwe soumèt a paran ak CSE lekòl oswa CSE distri a **omwen 5 jou sivil anvan rankont CSE a fèt**.

Ou menm, direktè a, ofisyèl oswa CSE distri a *ka fè demand* lan **Fòm Avi rankont CSE/Demand Absans pou Manm** nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*). Si ou dakò ak ekskiz manm nan, ou dwe siyen fòm nan epi retounen nan kontak moun ki endike a. Si ou pa dakò, manm sa p ap ka dispansè pou patisipe nan rankont lan.

## Amandman IEP a Apre Revizyon Anyèl

Yon chanjman nan IEP pitit ou ka fèt pa CSE lekòl oswa CSE distri a san yon rankont sèlman si ou konsanti pa ekri pou chak chanjman ki pwopoze.

Anvan yon ka amande yon IEP san yon rankont, CSE lekòl la oswa CSE distri a dwe dekri klèman tout chanjman li pwopoze yo sou Sipresyon rankont CSE pou amande fòm IEP a. Avi sa ap enkli yon deskripsyon klè tout chanjman ki pwopoze yo. Anplis, yon manm CSE lekòl oswa CSE distri a dwe disponib pou diskite tout chanjman yo avèk ou. Si ou dakò ak chanjman yo, ou dwe siyen epi retounen **Fòm Sipresyon Rankont Ekip IEP pou Amande IEP a**. Depi yo resevwa fòm nan, chanjman an ap fèt san yon rankont. Yo dwe voye yon kopi IEP ki amande a, jou apre IEP a te amande san yon rankont lan.





## Pwogram Edikasyon Endividalize a (IEP: Individualized Education Program)

Yon pati enpòtan nan rankont CSE a se pou dokimante kapaste ak abilite aktyèl pitit ou a, etabli objektif edikatif epi detèmine ki sèvis ak soutyen edikasyon espesyal y ap ba li.

### IEP a:

- Dokimante elijiblite pitit ou pou sèvis edikasyon espesyal; epi
- Fòmalize, pa ekri plan Ministè Edikasyon an pou bay pitit ou yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education) nan anviwònman ki mwen restriktif la. "Anviwònman ki mwen restriktif" la vle di ke pitit ou ap edike ansanm ak kamarad ki pa gen enfimite nan limit maksimòm ki posib epi l ap nan lekòl li t ap ale si li pat gen enfimite a.

Nan rankont CSE a, y ap mande w siyen IEP a kòm prèv ke ou te patisipe nan rankont lan. Sa pa vle di ke ou konsanti ak kontni dokiman an. W ap resevwa yon kopi IEP. Si ou pa ka ale nan rankont lan, y ap voye yon kopi IEP a lakay ou yon ti bout tan apre rankont lan.

**IEP a se konsènan pitit ou epi kijan pou reponn a bezwen li yo.**

**Ki enfòmasyon ki enkli nan IEP pitit mwen an?**

– wè paj 17

## Elijiblite

### Detèminasyon Elijiblite

W ap tande tèm "elijiblite" a diskite. CSE lekòl oswa CSE distri a ap deside si pitit ou a *elijib* pou sèvis edikasyon espesyal. Yon elèv ki nan laj lekòl elijib pou sèvis edikasyon espesyal si elèv la:

- Reponn a kritè klasifikasyon pou youn oswa plis enfimite (*wè tablo a dwat la*); epi
- Elèv la bezwen sèvis ak pwogram edikasyon espesyal ki apwouve.

Si elèv la pa reponn a kritè pou youn oswa plis nan klasifikasyon enfimite ki swiv la, elèv ki nan laj pou lekòl la pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo Anplis, yon elèv pa elijib *menm si li reponn a kritè youn nan klasifikasyon ki site yo*, men li pa bezwen sèvis ak pwogram edikasyon espesyal, baze sou:

- Yon mank enstriksyon ki apwopriye nan lekti, ki enkli, enstriksyon ki eksplisit ak sistematik nan konesans fonemik, fonetik, devlopman vokabilè, konpetans nan lekti (ki enkli kapasite lekti oral) ak estrateji konpreyansyon ekti; oswa
- Yon mank enstriksyon ki apwopriye nan matematik; oswa
- Konpetans limite nan Anglè.

CSE lekòl la oubyen CSE distri a, ak patisipasyon ou ka detèmine ke pitit ou pa andikape epi li pa bezwen sèvis edikasyon espesyal. Nan ka sa, yo pap devlope IEP a. Y ap bay enfòmasyon yo rasanble nan evalyasyon yo a direktè lekòl pitit ou a, epi direktè a ap travay ak pwofesyonèl ki apwopriye nan lekòl la pou ede pitit ou a.

Si CSE lekòl la oswa CSE distri a, sou baz evalyasyon an(yo), detèmine ke pitit ou gen yon enfimite epi ke sèvis edikasyon espesyal yo nesèsè, y ap devlope yon IEP nan rankont CSE a. IEP a soulinye pwogram edikasyon espesyal ak/oswa sèvis pitit ou ap resevwa yo ak objektif pitit ou ta dwe travay pou atenn. Sèvis edikasyon espesyal yo ki ka founi yo dekri nan Seksyon 4.

## Klasifikasyon Enfimite

Men yon lis kategori enfimite:

- Otis
- Soud
- Soud-Avèg
- Twoub Emosyonèl
- Pwoblèm Tande
- Defisyans Entelektyèl
- Difikilte pou Aprann
- Plizyè Enfimite
- Defisyans Ôtopedik
- Lòt Defisyans Sante
- Twoub Lapawòl oswa Twoub nan Langaj
- Lezyon Serebral Twomatik
- Defisyans Vizyèl

### Otis

Yon defisyans entelektyèl ki afekte nan fason ki enpòtan kominikasyon vèbal ak kominikasyon ki pa vèbal ak entèraksyon sosyal, jeneralman ki parèt anvan laj 3 zan, ki afekte pèfòmans edikatif la nan fason ki negatif.

Lòt karakteristik ki souvan asosye ak otis yo se angajman nan aktivite ki repetitif ak mouvman ki stereyotipe, rezistans ak chanjman nan anviwònman oswa chanjman nan woutin jounalye ak repons etranj nan eksperyans sansoryèl.

Tèm nan pa aplike si pèfòmans edikatif yon elèv afekte prensipalman nan fason ki negatif paske elèv la gen yon twoub emosyonèl.

### Soud

Yon elèv ki gen yon pwoblèm tande ki tèlman grav ke elèv lè gen pwoblèm nan trètman enfòmasyon lengwistik atravè ekout, avèk oswa san anplifikasyon, ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la.



## Soud-Avèg

Yon elèv ki gen pwoblèm tande ak wè, konbinezon an lakoz bezwen komunikasyonak lòt bezwen devlopman ak edikasyon grav ki pa ka akomode nan pwogram edikasyon espesyal sèlman pou elèv ki soud oswa pou elèv ki avèg.

## Twoub Emosyonèl

Yon elèv ki afiche youn oswa plis nan karakteristik sa yo sou yon peryòd tan ki long a yon degre make ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la:

- Yon enkapasite pou aprann ke faktè entelektyèl, faktè sanzitif oswa faktè sante yo pa ka eksplike;
- Yon enkapasite pou konstwi oswa kenbe relasyon entèpèsonèl ki satisfèzan ak kamarad ak pwofesè yo;
- Kalite konpòtman oswa sansasyon ki pa apwopriye nan sikonstans nòmal;
- Yon imè chagren oswa depresyon jeneralman;
- Yon tandans pou devlope sentòm fizik oswa pè ki asosye ak pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm lekòl.

## Pwoblèm Tande

Yon defisyans pou tande, ke li pèmanan oswa li chanjan, ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la men li pa antre nan definisyon soud nan seksyon sa.

## Defisyans Entelektyèl

Yon elèv ki gen fonksyonman entelektyèl jeneral li enferyè anpil pa rapò a mwayèn nan, ki egziste ansanm ak deifisi konpòtman adaptatif ep ki manifeste pandan peryòd devlopman an ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la.

## Difikilte pou Aprann

Difikilte pou aprann vle di yon twoub nan youn oswa plis nan pwosesis psikolojik debaz ki enplike nan konpreyansyon oswa nan itilizasyon lang, pale oswa ekri, ki manifeste pou kont li nan yon kapasite ki pa pèfè pou tande, panse, pale, li, ekri, eple oswa fè kalkil matematik. Tèm nan enkli Kondisyon sa yo, tankou twoub nan pèsepsyon, lezyon nan sèvo, disfonksyon minimòm nan sèvo, dileksi ak afazi devlopman. Tèm nan pa enkli pwoblèm pou aprann ki se prensipalman rezilta defisyans vizyèl, tande oswa motris; rezilta defisyans entelektyèl; rezilta twoub emosyonèl oswa dezavantaj anviwònmanal, kiltirèl oswa dezavantaj ekonomik.

## Plizyè Enfimite

Yon elèv ki gen yon defisyans similtan (tankou defisyans entelektyèl-avèg, defisyans entelektyèl-defisyans òtopedik, elatriye), kombinasyon ki egzije bezwen edikatif ki pa ka akomode nan yon pwogram edikasyon espesyal ki sèlman pou youn nan defisyans yo. Tèm nan pa enkli soud-avèg.

CSE lekòl la oswa CSE distri a ap deside si pitit ou kalifye pou sèvis edikasyon espesyal baze sou kritè enfimite ki endike anwo a.



## Defisyans Ôtopedik

Yon defisyans ôtopedik grav ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif yon elèv. Tèm nan enkli defisyans ki koze pa anomali konjenital (pa egzanp, pye bo, absans kèk manm, elatriye), defisyans ki koze pa maladi (pa egzanp, polyomelit, tibèkiloz nan zo, elatriye), ak defisyans ki soti nan lòt pwoblèm (pa egzanp, paralizi serebral anpitasyon ak frakti oswa brili ki lakoz kontraksyon).

## Lòt Defisyans Sante

Yon elèv ki gen fòs limite, vitalite oswa vijilans, ki enkli yon vijilans ki entansifye ak yon estimilan anviwònman ki debouche sou vijilans ki limite pa rapò ak anviwònman edikatif la, sa koze pa pwoblèm kwonik oswa pwoblèm sante egi, ki enklimen ki pa limite a pwoblèm kadyak, tibèkiloz, rimatis atikilè egi, nefrit, opresyon, anemi falsifòm, epilepsi, anpwazònman plon, lesemi, dyabèt, twoub defisi atansyon oswa twoub defisi atansyon ak ipèaktivite oswa sendwòm Tourette ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv sa.

## Twoub Lapawòl oswa Twoub nan Langaj

Yon elèv ki gen yon twoub kominikasyon tankou, bege, twoub aktikilasyon, twoub langaj oswa twoub nan vwa ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv sa.

## Lezyon Serebral Twomatik

Yon elèv ki gen yon nan sèvo li pran ki koze pa yon fòs fizik ekstèn oswa pa kèk kondisyon medikal tankou kriz kadyak, ansefalit, anevris, anoksi oswa timè nan sèvo ak rezilta defisyans ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv sa.

Tèm nan enkli lezyon nan tèt oswa lezyon nan sèvo, ouvè oswa fèmen ki soti nan kèk pwoblèm medikal ki lakoz defisyans lejè, modere oswa grav nan youn oswa plis domèn ki enkli defisyans entelijans, langaj, memwa, atansyon, rezònman, panse abstrè, jijman, solisyon pwoblèm, sansoryèl, pèsepsyon ak abilite motris, konpòtman psikososyal, fonksyon fizik, trètman enfòmasyon ak lapawòl.

Tèm nan pa enkli lejyon ki konjenital oswa ki koze pa twomatis nesans.

## Defisyans Vizyèl

Yon defisyans nan vizyon enkli, avèg ki, menm ak koreksyon, afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv sa. Tèm nan enkli moun ki mwatye wè ak avèg.





## Kontni IEP a

IEP a dwe genyen enfòmasyon sou pitit ou ak pwogram edikatif ki dezinye pou reponn a bezwen inik li yo. Enfòmasyon sa yo genyen ladan yo:

**Nivo Pèfòmans Aktyèl** – IEP a dwe endike kijan pitit ou ye aktyèlman nan lekòl la. Enfòmasyon sa vini dabitid ak rezilta evalyasyon yo, tankou tès ak devwa klas yo; tès endividyèl yo bay pou deside sou elijiblite pou sèvis yo; oswa pandan re-evalyasyon ak obsèvasyon ki fèt pa paran, pwofesè, founisè sèvis ki asosye yo ak pèsònèl lekòl la. Pèfòmans aktyèl la enkli kijan enfimite timoun nan afekte enplikasyon ak pwogrè li nan pwogram edikasyon jeneral.

**Objektif Anyèl ki Mezirab** – Sa yo se objektif ke pitit ou ka akonpli nan fason ki rezonab nan yon ane lekòl. Objektif yo ka akademik, ki reponn a bezwen sosyal oswa bezwen konpòtmantal ki lye a bezwen fizik oswa reponn a lòt bezwen edikatif. Objektif yo dwe "mezirab", ki vle di li dwe posib pou mezire si elèv la te atenn objektif yo. Pou elèv ki patisipe nan evalyasyon altènatif yo, objektif yo divize an objektif akoutèm oswa referans.

**Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal ki Rekòmande** – IEP a dwe fè lis sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo pou yo bay a pitit ou oswa nan non pitit ou a. Pou enfòmasyon ki detaye sou pwogram ak sipò edikasyon espesyal, tanpri wè Seksyon 4 la.

**Patisipasyon ak Elèv ki san Enfimite** – IEP a dwe eksplike limit pitit ou ap patisipe avèk timoun ki pa enfim yo nan klas edikasyon jeneral ak lòt aktivite lekòl yo. Si yo pa pèmèt yon timoun al manje, vwayaj lekòl oswa reyinyon ak rès lekòl la, li dwe note sou IEP a.

**IEP a genyen enfòmasyon ki detaye sou pitit ou ak pwogram edikasyon ki dezinye pou reponn a bezwen inik li yo.**

**Patisipasyon nan Evalyasyon Eta ak tout Distri a** – IEP a dwe endike si pitit ou ap patisipe nan evalyasyon eta ak tout distri a ak ki aranjman, si genyen, pitit ou ap bezwen pandan y ap administre tès sa yo. Si pitit ou pap patisipe nan evalyasyon eta a ak evalyasyon tout distri a, IEP a dwe deklare kijan pwogrè pitit ou ap mezire, ki enkli patisipasyon nan pwogram evalyasyon altènatif Eta New York la.

Tanpri, konnen ke elèv k ap patisipe nan evalyasyon altènatif yo pa kalifye pou resevwa yon diplòm Regents Lokal.

**Kritè pou Chanje Klas** – Kòmanse nan 3yèm Ane rive nan 8yèm ane, si pitit ou ap patisipe nan tès rejyonal, IEP a dwe espesifye si y ap soumèt pitit ou menm nòm pou chanje klas yo menm jan ak tout elèv oswa si pitit ou ap gen kritè pou chanje klas ki modifiye. Si yo rekòmande kritè pou chanje klas ki motifiye, IEP a dwe dekri kritè a.

**Objektif pou Diplòm** – Yo ankouraje tout elèv, ki enkli elèv ki gen enfimite, pou travay pou atenn opsyon diplòm ki pi wo ki disponib la. Elèv ki gen enfimite yo ka genyen diplòm ak sètifika sa yo lè yo sòti nan lekòl segondè. Chak diplòm ak sètifika egzije elèv la fini kou ak egzamen espesyal yo.

Diplòm ki disponib pou tout elèv ki gen enfimite:

- Diplòm Regents Avanse
- Diplòm Regents
- Diplòm lokal (Filè Sekirite)

Sètifika Gradyasyon ki disponib pou elèv ki gen IEP:

- Sètifika Gradyasyon nan Etid Devlopman Karyè ak Pwofesyon (CDOS: Career Development and Occupation Studies)
- Sètifika Gradyasyon pou Pèfòmans ak Akonplisman

**Dat ak Plas** – IEP a dwe endike lè sèvis yo kòmanse, nan ki frekans y ap bay yo, ki kote y ap bay yo (nan klas oswa nan kèk lòt kote nan lekòl) epi konbyen tan y ap dire.

**Repòte Pwogrè a Paran yo** – IEP a dwe endike kijan pwogrè pitit ou ap mezire e kijan y ap enfòmè w de pwogrè sa.

**Lang Enstriksyon** – Si pitit ou se yon Elèv k Ap Aprann Lang Anglè epi ki bezwen Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL: English as a Second Language) ak/oswa sèvis bileng, yon rekòmandasyon k ap fòt konsènan lang enstriksyon li. Lang sèvs la ap presize nan IEP a.

## Sèvis Tranzisyon

**Sèvis tranzisyon** se yon ansanm aktivite ki kowòdone ki fasilite mouvman elèv la soti nan aktivite lekòl pou rive nan aktivite apre lekòl ak objektif pou edikasyon kontini, travay ak lavi endepandan. Planifikasyon Tranzisyon pou elèv yo kòmanse nan laj 12 zan, lè li egzije yon evalyasyon pwofesyonèl nivo en epi jenere pwosesis apre segondè a. Nan moman sa, elèv ak paran yo ansanm ak lekòl la pou idantifye epi chèche enterè, chwa ak aspirasyon karyè elèv la. Pandan ane elèv la gen 15 an an, Sèvis Tranzisyon yo dwe fè pati premye IEP ki fèt ane sa. IEP a enkli eleman planifikasyon apre segondè ki idantifye objektif mezirab apre segondè yo, bezwen tranzisyon ak ansanm aktivite ak sèvis ki kowòdone ki nesese pou atenn objektif sa yo. Yo dwe envite elèv la nan rankont CSE a pou diskite Sèvis Tranzisyon yo. Antanke yon manm vital CSE lekòl la oswa CSE distri a, elèv la kapab diskite fòs li, preferans ak enterè li yo. Si elèv la pa ka patisipe nan rankont CSE a, CSE lekòl la oswa CSE distri a dwe asire l ke yo konsidere preferans ak enterè elèv la e ke yo refilete nan IEP a. Planifikasyon tranzisyon ak sèvis yo se yon pwosesis ki kontinye pandan eksperyans lekòl elèv la, ki kimile ak yon **Rezime Sòti Elèv** anvan gradyasyon oswa anvan li atenn laj 21 an.

Yo ta dwe envite, avèk konsantman ekri paran, manm kominote a (tankou anplwayè potansyèl oswa lòt òganizasyon kominotè) ak ajans pèsònèl tankou **Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt-Readaptasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR: Adult Career and Continuing Education Services-Vocational Rehabilitation)**, **Biwo pou Moun ki gen Defisyans Entelekyèl (OPWDD: Office for People with Developmental Disabilities)** ak **Biwo Sante Mantal (OMH: Office of Mental Health)** nan rankont IEP a si yo te idantifye yo kòm yon founisè oswa yon founisè potansyèl pou elèv la. Lè yo angaje sipò divès kalite resous ak atravè efò kolaborasyon ant pwofesyonèl, elèv ak fanmi, chans pou elèv la reyisi a ogmante konsiderableman.



Li enpòtan pou edike timoun ki gen enfimite ansanm ak timoun ki pa andikape nan klas edikasyon jeneral nan limit maksimòm ki apwopriye. Benefis tout moun.



**Ki kalite sèvis ki disponib pou pitit ou a?**

– wè paj 20

## A Kisa Pou Atann: Sèvis Edikasyon Espesyal nan Laj pou Lekòl

CSE lekòl la oubyen CSE distri a dwe rekòmande sèvis nan Anviwònman ki Mwen Restriktif (LRE: Least Restrictive Environment) ki apwopriye ak bezwen pitit ou a.

**Sa vle di CSE lekòl la oswa CSE distri kote ou se yon manm nan, dwe konsidere kijan yo ka bay sèvis edikasyon espesyal yo a pitit ou k ap pèmèt li edike ak timoun ki pa gen enfimite nan limit maksimòm posib la.**

CSE lekòl la oubyen CSE distri ap konsidere an premye si yo ka reponn a bezwen pitit ou nan yon klas edikasyon jeneral ak sipè, èd ak sèvis yo bay a pitit ou a.

Si yo detèmine ke pitit ou pa ka patisipe nan klas edikasyon jeneral, menm ak Èd ak Sèvis ki apwopriye, Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal, Sèvis ki Asosye oswa nan yon Klas Ko-Ansèyman Entegre, y ap konsidere lòt paramèt tankou Klas Espesyal oswa lekòl espesyal.

Li enpòtan pou w konnen:

- Yo dwe bay pitit ou opòtinite pou l patisipe nan aktivite ki pa nan pwogram nan ak aktiviteki pa akademik (pa egzanzp, edikasyon fizik, rekreasyon, aktivite apre lekòl) ak timoun ki pa enfim, amwenke abilite l rann patisipasyon sa yo pa apwopriye;
- pitit ou ta dwe edike nan lekòl li t ap ye si li pat gen enfimite a, toutfw a li posib.

## Y ap Edike pitit ou ak Konbinyasyon Sèvis ki Koresponn pi Byen ak Bezwen Li yo



### Sèvis Edikasyon Espesyal

Gen yon seri sèvis ki disponib pou sipòte pitit ou nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an. Tablo ki anlè a ak deskripsyon ki anba yo defini kèk nan sèvis ak rekòmandasyon pwogram k disponib yo. Sonje ke dwe gen yon jistifikasyon ki klè nenpòt lè yo retire yon elèv nan etablisman edikasyon jeneral la.

**Pwogram Fleksib** – Pwogram fleksib vle di ke yon elèv ka resevwa tout konbinezon sèvis ak pwogram edikasyon espesyal yo. Sèvis ak pwogram ki sou IEP yon elèv pa oblije menm bagay la pou tout jounen an. Olye sa, lè yo itilize pwogram ki fleksib, yon elèv resevwa nivo soutyen egzakt ki apwopriye pou chak matyè. Pwogram Fleksib enplike reponn a bezwen chak elèv nan anviwònman ki gen mwens restriksyon ki apwopriye a. Lè yo itilize pwogram fleksib la nan fason ki efikas, lekòl yo devlope modèl prestasyon sèvis edikasyon espesyal ki inik pou chak elèv epi konsantre yo pou ogmante aksè nan pwogram edikasyon jeneral la. Li enpòtan pou w sonjeke bezwen elèv yo dwe koresponn ak sèvis ki dispansè a. Seri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo dekri anba a epi yo fè pati Sistèm Prestasyon Sèvis Inifye a (Unified Service Delivery System).

### Sèvis ki Asosye

**Yo bay sèvis ki asosye yo** pou fè pwogrese reyisit yon elèv ki gen enfimite nan koneksyon ak pwogram akademik li a.

Objektif prensipal sèvis ki asosye yo se pou maksimize kapasite chak elèv pou reyalize objektif edikatif li yo. Sèvis ki asosye yo ta dwe dispansè nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an, epi lè

li apwopriye, lekòl yo ta dwe entegre yo nan sal klas la. Sèvis ki asosye yo ta dwe kowòdone nan kolaborasyon etwat ak pwofesè elèv la, lòt pèsonèl edikatif, ak paran/responsab pou sipòte objektif edikatif yo.

Premye etap la nan detèmine si pitit ou gen yon enfimite epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal (ki enkli sèvis ki asosye yo) se mande yon evalyasyon. Demand evalyasyon yo dwe fèt alekri pa ou menm oswa yon reprezantan lekòl la. Pran nòt ke sèvis Terapi Okipasyonèl ak Terapi Fizik yo egzijè yon preskripsyon doktè, ke yo ka mande w jwenn pandan pwosesis evalyasyon an. Sèvis enfimye, sèvis parapwofesyonèl sante ak sèvis transpò yo ka egzijè ou soumèt yon rapò doktè. (*Wè Seksyon 2 pou plis enfòmasyon sou pwosesis evalyasyon an.*)

Aprè evalyasyon ak analiz lòt enfòmasyon pètinan sou elèv la ki nesèsè yo fini ekip CSE lekòl la oswa CSE distri a ap detèmine si li gen yon enfimite, epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal. Chak sèvis ki asosye ta dwe re-evalye chak ane selon revizyon IEP elèv la.

Sa yo se kèk egzanp sèvis ki asosye ke yo ka rekòmande:

**Teknoloji Asistans** – Aparèy teknoloji asistans (AT: Assistive technology) yo enkli tout bagay soti nan yon òganizatè grafik pou rive nan òdinatè ak tablèt ak lojisyèl asosye k pèmèt yon elèv kominike epi fini devwa yo. Yo rekòmande teknoloji asistans lan lè li nesèsè pou pèmèt yon elèv jwenn aksè a pwogram enstriksyon li epi reponn a bezwen edikatif endividyèl li yo. Yo ka rekòmande sèvis AT yo tou, tankou fòmasyon ak sipò pou ede yon timoun itilize aparèy AT yo.



**Oryantasyon** – Objektif oryantasyon an se pou ede elèv yo rekonèt epi modifye konpòtman ki entèfere nan aprantisaj yo. Yo rekòmande oryantasyon pou elèv ki gen gwo difikilte sosyo emosyonèl ki entèfere anpil nan aprantisaj yo. Pwoblèm sa yo ka enkli difikilte pou entèaji avèk adilt ak kamarad nan fason ki apwopriye, repliman oswa aji kòm si yo lwen oswa ti kras estim pou pwòp tèt yo ak ti kapasite adaptasyon.

**Sèvis Edikasyon pou Tande** – Sèvis edikasyon pou tandè a bay sipò a elèv ki soud oswa ki gen defisyans pou tandè, epi li enkli, konsèy, travay sosyal, oryantasyon, sèvis tranzisyon ak pwogram travay-etid. Yo ka rekòmande edikasyon tandè pou yon elèv lè sipò a nesesè pou pèmèt elèv la jwenn aksè a anviwònman edikatif li.

**Terapi Okipasyonèl (Ègoterapi)** – Terapi Okipasyonèl (TO) a ede yon elèv ranfòse kapasite adaptatif ak fonksyonèl ki baze nan lekòl li tankou: kapasite motris; kapasite pou asime responsablite klas yo epi fè tranzisyon ki fasil; kapasite motriz sansoryèl fonksyonèl; ak aktivite lavi kotidyen ki enkli, jesyon chèz woulant. Yo rekòmande terapi okipasyonèl lè yo bezwen adapte anviwònman an, modifye tach, pèfòmans yo ansenye oswa edike yon elèv/fanmi pou ogmante patisipasyon elèv la, ak pèfòmans li nan lavi kotidyen ak aktivite lekòl yo.

**Sèvis Parapwofesyonèl** – Endividyèl parapwofesyonèl sipòte elèv yo pou tout oswa yon pati nan jounen lekòl la pou reponn a bezwen yo epi pèmèt yo benefisye nan enstriksyon ak sèvis ki asosye yo. Yo rekòmande yon parapwofesyonèl endividyèl lè li nesesè pou pèmèt yon elèv patisipe san danje epi konplètman nan klas ak lòt aktivite yo epi pou jwenn benefis edikatif nan enstriksyon ak sèvis ki asosye yo.

**Terapi Fizik** – Terapi fizik la ede elèv la amelyore kapasite fizik li pou l fonksyone epi fasilite tranzisyon nan lekòl la. Terapi a ka enkli, atansyon pou devlopman gwo mouvman, mobilite, balans ak kowòdinasyon nan divès milye lekòl la tankou klas, sal espò, twalèt, lakou ak eskalye. Yo rekòmande terapi fizik lè sipò sa nesesè pou pèmèt yon elèv jwenn aksè a anviwònman edikatif li, ki enkli, men ki pa limite a kapasite elèv la pou jwenn aksè a divès kote nan lekòl la nan mache, ak chèz woulant oswa lòt mwayen mobilite; patisipasyon elèv la nan aktivite klas yo – pa egzanzp, patisipe fizikman epi manevre nan anviwònman klas la; epi aksede (epi patisipe nan) sal manje a, lakou, twalèt, transpò a, elatriye.

**Sèvis Sante nan Lekòl** – Yon enfimyè oswa yon parapwofesyonèl lekòl la bay sèvis ki dezinye pou reponn a pwoblèm sante espesyal yon timoun, jan doktè li a dokimante l la, pou asire yon anviwònman edikatif ki san danje.

**Òtofooni/Terapi Langaj** – Òtofooni/terapi langaj ede amelyore kapasite ekout, pale, li ak ekri yon elèv nan sitiyasyon akademik ak sosyal nan anviwònman lekòl la. Terapis yo konsantre sou kapasite kominikasyon tankou konpreyansyon (swiv direksyon, konprann tèks), lang (sinifikasyon mo, mete mo ansanm, itilize règ gramè ki kòrèk), atikilasyon (son pawòl), vwa (itilize vwa pou pwodwi son), pratmatik (langaj sosyal) ak fasilite (rit lapawòl). Òtofooni/terapi langaj rekòmande pou yon elèv lè sipò sa nesesè pou amelyere kapasite tandè, pale li ak ekri elèv la nan sitiyasyon akademik ak sosyal yo.

Sèvis ki asosye pitit ou yo ka chanje toutotan pitit ou ap vin pi gran.



**Sèvis Edikasyon Vizyon** – Sèvis edikasyon vizyon yo sipòte enstriksyon pou elèv ki gen pwoblèm vizyon lè li pèmèt yo devlope kapasite akademik, sosyal ak pwofesyonèl yo, alfabetizasyon ak akizisyon enfòmasyon pou itilize estrateji touche, vizyèl ak oditif yo. Yo ka rekòmande edikasyon vizyon pou timoun ke vizyon yo tèlman defisyan ke fonksyonman yo nan klas la pa ka fèt san yo pa itilize materyèl fonksyonman ak apwòch adaptatif yo. Sèvis oryantasyon ak mobilite yo dezinye pou amelyore konpreyansyon espas ak konsèp anviwònman pitit ou epi itilize enfòmasyon li resevwa atravè sans (pa egzanp, son, tanperati, vibrasyon) pou etabli, kenbe epi reprann oryantasyon nan liy deplasman an.

Sèvis ki asosye yo rekòmande pou pitit ou ap endike nan IEP a. IEP a endike kantite fwa nan yon semèn oswa mwa pitit ou ta dwe resevwa sèvis (sa rele "frekans") ak longè sesyon an (sa rele "dire"), gwosè maksimòm gwoup la (si y ap bay pitit ou sèvis nan yon gwoup), nan lang sèvis la dwe bay ak si y ap bay sèvis la nan klas pitit ou oswa yon kote ki separe ki pa nan klas la (sa se "plas" la).

Si yo te rekòmande pitit ou resevwa youn oswa plis nan sèvis ki asosye yo nan IEP li a epi Ministè a pa ka bay sèvis sa(yo) ak pwòp pèsonèl li oswa ak pèsonèl ki nan lòt ajans ki sou kontra yo, swa pandan oswa apre jounen lekòl la, y ap emèt yon Otorizasyon pou Sèvis Asosye (RSA: Related Service Authorization) a paran an. Yon RSA pèmèt paran an itilize sèvis yon founisè endepandan ki gen lisans, sèvis yo rekòmande a san ou pa peye. Lekòl piblik pitit ou ka ede ou nan pwosesis sa. Si pitit ou nan yon lekòl ki pa lekòl piblik oswa yon lekòl charter, CSE distri a ap ede ou nan pwosesis sa.

Gen yon lis founisè endepandan ki disponib sou sit entènèt Ministè a: <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/programs/relatedServices/RSinformation.htm>



Sesyon Terapi Fizik yo ka fèt nan klas espò a, nan sal klas la, nan sal manje a, nan rekreyasyon oswa lòt kote nan lekòl la.








Òtòfoni-terapi langaj yo te bay nan yon sal klas entegre pou sipòte patisipasyon elèv la nan aktivite akademik yo.









Terapi Okipasyonèl (Ègoterapi) ka fèt nan yon ti gwoup, anndan oswa deyò klas la, ki reponn a chak bezwen elèv la nan anviwònman edikatif natirèl la.



					
	Pre-Eskolè	Matènèl	Elemantè	Lekòl Primè	Lekòl Segondè
Kijan Sèvis yo Soutni Elèv yo pou Reponn a Objektif Edikatif yo	Sèvis asosye yo souvan konsantre nan fason ki entansif pou sipòte pèfòmans ak konpotman ki amelyore.	Sèvis asosye yo kontinye konsantre sou amelyorasyon pèfòmans ak konpotman. Pou ogmante endepandans, terapè yo travay ak pwofesè yo pou idantifye chanjman ki posib pou aktivite ki lye ak lekòl ak anviwònman aprantisaj yo.	Yon terapè k ap travay ak elèv la pandan aktivite klas yo souvan vin enpòtan nan ede elèv la reponn entansifikasyon demand akademik yo. Sèvis yo kontinye konsantre sou amelyorasyon pèfòmans debaz yo nan premye ane elemantè yo. Terapè yo travay ak pwofesè sal klas la pou adapte aktivite yo ak anviwònman klas la pou reponn a bezwen elèv la epi ede elèv la jwenn aksè a pwogram nan.	Pou kèk elèv, ritm pwogrè a ka ralanti oswa estabilize toutotan demand akademik yo ap ogmante; elèv yo souvan kòmanse vin konnen plis diferans aprantisaj yo. Terapè yo ede elèv la devlope estrateji aprantisaj ki efikas yo pandan l ap kontinye travay ak pwofesè klas la pou adapte aktivite yo ak anviwònman klas la jan ki nesèsè pou ede elèv yo reyalize objektif IEP yo ak siksè. Elèv yo ka benefisye lè yo aprann nouvo teknik ki espesyal ak pwogram pre-pwofesyonèl ak pwogram ADL yo.	Lè terapè a toujou nesèsè, yo mete aksan jeneralman sou preparasyon pou inivèsite ak karyè. Sèvis yo konsantre souvan sou modifikasyon aktivite ki apwopriye ak anviwònman aprantisaj. Kèk elèv ka bezwen sipò pou reponn a objektif IEP yo epi kontinye amelyore kapasite ki nesèsè pou pwogram pre-pwofesyonèl, pwogram ADL ak pwogram preparasyon pou inivèsite ak karyè.
Domèn Konsantrasyon Jeneral nan Sal Klas la	Nan Pre-Eskolè, konsantrasyon prensipal la se sou devlopman konpetans sosyal ak motris elèv yo.	Nan Matènèl, konsantrasyon an kòmanse deplase sou pèfòmans akademik ansanm ak sipò kontini pou devlopman pèfòmans sosyal ak motris yo. Kapasite pou travay nan fason ki endepandan kòmanse vin pi enpòtan.	Nan Lekòl Elemantè, konsantrasyon an deplase plis konplètman sou devlopman pèfòmans akademik debaz yo. Aktivite Sal Klas yo konsantre sou aplikasyon pèfòmans sa yo.	Nan Lekòl Primè, demand akademik yo entansifye epi kontni akademik yo pi konplèks. Elèv yo kòmanse prepare pou siksè nan lekòl segondè. Kèk elèv ka kòmanse patisipe nan aktivite pre-pwofesyonèl, aktivite devlopman sosyal ak pwogram lavi kotidyen (ADL: activity of daily living).	Nan Lekòl Segondè, konsantrasyon an deplase pou prepare elèv yo pou tranzisyon soti nan edikasyon segondè pou rive nan edikasyon apre segondè, pre-pwofesyonèl ak pwogram ADL yo.
Kijan Sèvis yo Defini	<p>Pou chak elèv endividyèl, bezwen ki baze sou lekòl yo detèmine kijan y ap founi Sèvis ki Asosye yo. Sa yo se eleman kle pifò rekòmandasyon Sèvis ki Asosye yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ <b>Plas</b> – Plas jeneral yo se saldeklas la, yon sal separe nan lekòl la oswa yon sal terap.</li> <li>■ <b>Metòd Dispanasyon</b> – Yo bay sèvis DIRÈK a elèv sou yon baz endividyèl oswa nan yon ti gwoup elèv ki gen bezwen ki sanble; yo bay sèvis ENTEGRE yo a elèv la ansanm ak lòt elèv nan klas la; epi yo dispanse sèvis KONSILTATIF (ENDIRÈK) yo a pwofesè oswa paran sou yon baz konsiltatif pou sipòte travay yo ak elèv la.</li> <li>■ <b>Frekans</b> – Yo dispanse sèvis yo jeneralman yon kantite fwa pa SEMÈN oswa pa MWA.</li> <li>■ <b>Dire</b> – Dire chak sesyon ka varye, selon bezwen an dire sesyon an souvan defini an minit.</li> <li>■ <b>Gwosè Gwoup</b> – Yo ka dispanse sèvis yo sou yon baz ENDIVIDYÈL oswa pa GWOUP. Ki Kote Li pi apwopriye pou elèv la pou l travay ak lòt elèv nan yon gwoup (pa egzanzp, pou l pratike epi aplike yon teknik y ap travay sou li epi/oswa pou l benefisye lè l ap wè lòt yo ap travay sou menm teknik la,) y ap defini jeneralman GWOSÈ maksimòm yon GWOUP.</li> </ul>				

## SOUTYEN TEKNOLOJIK LA EDE REPONN A BEZWEN ENDIVIDYÈL ELÈV LA

Sijè	Defi Elèv la	Solisyon AT Posib*
Matematik	Difikilte enfòmasyon, òganizasyon, aliyman ak kopi pwoblèm matematik sou papye	Kalkilatriks palan, papye ki adapte pou graf, manipilatriks, lojisyèl 
Ekriti	Difikilte ak mekanis fizik ekriti oswa òtograf, izaj mo, òganizasyon, elatriye.	Trètman tèks, planch enklane, klavye/papye adapte, òdinatè, tablèt, lojisyèl 
Lekti	Difikilte pou dekote, konpetans nan lekti oswa nan konpreyansyon	Volè lekti, tèks an sibriyans, liv dijital, òdinatè/tablet, lojisyèl 
Kominikasyon	Ki pa vèbal oswa ki gen difikilte ak konpreyansyon lapawòl	Liv kominikasyon, aparèy jeneratè diskou, sistèm kominikasyon imaj, aparèy pou sòti vwa 
Memwa/Òganizasyon	Difikilte pou planifye, òganize, fè swivi kalandriye/orè/lis travay yo, elatriye.	Òganizatè Grafik, lojisyèl 
Ekout	Difikilte pou trete epi sonje langaj pale	Anrejistre nimerik, inite FM 

\*Aparèy ki afiche a reprezante yon ti egzanzp zouti ki disponib yo sèlman. Yo dwe konsidere tout elèv ki gen enfimite pou Teknoloji Asistans. Si konsiderasyon sa debouche sou yon evalyasyon TA, rekkòmmandasyon yo rebize pa ekip CSE ki baze nan lekòl la. Pou plis enfòmasyon sou Teknoloji Asistans, ale sou <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/programs/relatedServices/Assistive+Technology.htm>

### ENTEGRASYON SÈVIS KI ASOSYE YO NAN SAL KLAS LA ("PUSHING IN") KA BON POU TOUT ELÈV YO:

Rechèch yo montre ke founisè Sèvis Asosye yo "entwodwi" nan saldeklas la, anpil bèl bagay ka rive pa sèlman pou moun y ap sèvi a, men pou tout klas la.

Benefis pou Elèv la:

- Yo pa rate aktivite klas yo
- Plis opòtinite pou pratike konpetans yo nan anvivonman natirèl la
- Terapis yo ka kontwòle efikasite estrateji yo
- Faborize akseptasyon sosyal, estim pou pwòp tèt yo ak pèfòmans sosyal

Benefis pou Tout Klas la:

- Ogmantasyon reyalizasyon pou timoun ki gen enfimite ak sa ki pa genyen
- Atansyon
- Konpòtman nan travay
- Pèfòmans nan sal klas la
- Pèfòmans nan egzamen ofisyèl yo

Resous/Sitasyon McWilliam & Scott 2001; Kennedy, Shuka & Fryxell 1997; Mu., Siegal & Allinder 2000; Kennedy & Itkonen 1994; Hughes 2001; Oriel, George, Peckus & Semon

## Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal (SETSS: Special Education Teacher Support Services)

Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal yo (SETSS: Special Education Teacher Support Services) ki dezinye espesyalman ak/oswa enstriksyon siplemantè yon pwofesè edikasyon espesyal bay. Sèvis sa yo ede pitit ou rete nan klas edikasyon jeneral la pandan l ap resevwa sèvis nan men yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwofesè edikasyon espesyal la ka travay dirèkteman ak pitit ou pou soutni patisipasyon l nan yon klas edikasyon jeneral ep bay enstriksyon dirèk ki dezinye espesyalman ak enstriksyon siplemantè pou pitit ou a. Sa ka enkli adaptasyon kontn ki te ansenye a oswa itilizasyon metòd edikatif ki diferan tankou èd vizyèl, fèy travay ki make ak enstriksyon ki senplifye (sa rele enstriksyon "dirèk"). Pwofesè edikasyon espesyal la ka travay tou ak pwofesè edikasyon jeneral la pou ajiste anviwònman ak metòd aprantisaj yo pou reponn a bezwen endividyèl pitit ou (sa rele enstriksyon "endirèk").

- Yo ka bay SETSS yo nan klas edikasyon jeneral, oswa nan kote separe ki pa nan klas edikasyon jeneral la oswa nan yon konbinezon klas edikasyon jeneral ak yon kote ki separe;
- Lè SETSS yo bay an gwoup, gwoup la pa ka gen plis pase uit timoun;
- Yo ka bay SETSS yo piti pou twa èdtan pa semèn epi jiska 50% nan chak jou;
- IEP pitit ou dwe endike kantite peryòd pa semèn ke y ap bay sèvis la, ke y ap bay sèvis sa yo dirèkteman ak pitit ou oswa endirèkteman ak pwofesè edikasyon jeneral li a epi ki kote y ap bay sèvis sa yo.

## Ko Ansèyman k Entegre (ICT: Integrated Co-Teaching)

**Ko Ansèyman k Entegre (ICT: Integrated Co-Teaching)** Klas yo genyen elèv ki gen enfimite ak elèv ki pa andikape ke yo edike ansanm avèk de pwofesè, yon pwofesè edikasyon jeneral ak yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwofesè yo travay





ansanm epi kolabore pandan jounen an pou adapte epi modfyè enstriksyon an pou pitit ou epi asire yo ke tout klas la gen aksè a pwogram edikasyon jeneral la.

Yo ka bay ICT a a plen tan oswa a tan pasyèl. Tan ICT a dwe espesifye sou IEP pitit ou ansanm ak kontrni matyè a (pa egzanzp matematik) kote l ap resevwa sèvis yo.

Kantite elèv ki gen enfimite yo pa ka depase 40% efektif total klas la oswa yon maksimòm douz elèv ki gen enfimite nan yon klas ICT.

## Sèvis Klas Espesyal

**Sèvis Klas Espesyal** se sèvis yo bay pou timoun ki gen enfimite nan yon klas otonòm pandan nenpòt pati nan jounen lekòl la. Yo desèvi timoun ke yo pa ka reponn a bezwen yo nan klas edikasyon jeneral, menm ak Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal, Sèvis ki Asosye oswa patisipasyon nan yon klas ICT. Yo ka bay sèvis Klas Espesyal yo a plen tan oswa a tan pasyèl.

Nan klas espesyal otonòm yo, elèv yo dwe gwoupe pa resanblans bezwen edikatif yo. Klas yo ka gen elèv ki gen menm enfimite oswa ki gen enfimite ki diferan depi yo gen menm nivo karakteristik akademik ak aprantisak, nivo devlopman sosyal, nivo devlopman fizik ak bezwen jesyon. (*wè paj 27 pou plis enfòmasyon.*)

**Pou elèv ki pase tout jounen oswa yon pati nan jou jounen an nan yon klas espesyal, CSE lekòl la oswa CSE distri a ap detèmine pwogram ki apwopriye ak gwosè klas la pou pitit ou a. Dwe gen jistifikasyon ekri nan IEP a pou tout elèv yo retire nan etablisman edikasyon jeneral pou tout jou lekòl.**

## Lekòl Piblik Espesyalize pou Elèv ki gen Enfimite ki Grav (District 75 Schools)

**District 75** bay sipò edikatif nan divès kalite etablisman pou elèv ki gen enfimite grav yo. Kontinye nan manda pou elèv yo ka resevwa nan Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon (LRE: Least Restrictive Environment): sèvis District 75 nan klas edikasyon jeneral, nan klas espesyal ki plase nan bilding lekòl kominotè yo ak nan klas espesyal nan lekòl espesyalize yo, ansanm ak ajans, lopital ak lakay yo. CSE lekòl oswa CSE distri a ap detèmine pwogram ki apwopriye ak gwosè klas pou pitit ou baze sou bezwen jesyon entelekyèl, sosyo-emosyonèl ak fizik li yo. Yo ka bay sèvis District 75 yo tout ane a nan yon pwogram 12 mwa lè li apwopriye.

Elèv k ap resevwa sèvis nan District 75 ka patisipe nan evalyasyon nòmalize yo epi pran tout egzamen ofisyèl yo oswa yo ka evalye yo lè yo itilize Evalyasyon Altènatif Eta New York yo. District 75 bay klas espesyal ak pwopòsyon 12:1:1, 8:1:1, 6:1:1, ak 12:1:4 ak lòt pwopòsyon pou elèv ki nan enklizyon konplè.

Si pitit ou gen pwoblèm tande ak vizyon ki grav, District 75 gen klas otonòm tou ak ekipman ak sèvis espesyalize ki ka entegre yo nan pwogram nan pandan jounen lekòl la. Elèv pwoblèm vizyon ak tande yo pa egzije kalite pwogram entansif sa p ap resevwa sèvis sipò nan edikasyon jeneral, ko-ansèman oswa etablisman a baz kominotè yo.

District 75 sipòte tou elèv ki te fè eksperyans enkyetid nan milye lekò (fobi lekòl) ak elèv ki gen pwoblèm medikal oswa sikyatri ki egzije enstriksyon tanporè oswa alontèm nan yon loptal oswa adomisil.

Kote ki apwopriye a, District 75 bay ensitriksyon bileng ak sipò, sèvis ESL, fòmasyon pou deplasman, fòmasyon pou pèfòmans nan aktivite pèsonèl ak lavi kotidyen (ADL: activities of daily living), pwogram pwofesyonèl ak sèvis kowòdinasyon tranzisyon. Y ap bay enstriksyon pou itilize teknoloji sipleyans oswa teknoloji ranplasman jan li endike nan IEP pitit ou a. Pou devlope patenarya kolaboratif and lakay-lekòl, District 75 la ofri oryantasyon ak fòmasyon pou paran yo pou ede fanmi yo konprann epi bay sipò pou pitit yo.

District 75 lan bay sèvis klas espesyal tou nan yon pwopòsyon 12:1:1, pou elèv ki soud/ki di pou tande anpil oswa ki avèg/gen pwoblèm vizyon. Sèvis yo bay yo enkli, odyoloji, teknoloji asistans, entèpretasyon lang siy, sèvis oryantasyon ak mobilite, ak Bray. Elèv yo ka patisipe nan evalyasyon nòmalize oswa nan evalyasyon altanatif Eta New York yo.

## Pwogram Espesyalize nan Lekòl Kominotè

Yo desèvi pifò elèv ki gen enfimite ki enkli elèv ki gen otis (yo rele tou Twoub Spektwòm Otistik oswa ASD: (Autism Spectrum Disorder), elèv ki gen Defisyans Entelekyèl (ID: Intellectual Disabilities), ak Elèv k Ap Aprann Lang Anglè (ELL: English Language Learners) ki gen enfimite, pi byen nan lekòl kominotè yo. Men, DOE a rekonèt ke gen kèk elèv ke klas ke yo te devlope modèl ak ekspètiz espesyalize yo ka apwopriye. Yo konsidere sipò ak sèvis edikasyon espesyal ki pa egziste aktyèlman nan chak lekòl kominotè kòm pwogram espesyalize.

Li enpòtan pou konprann ke yon klasifikasyon Defisyans Entelekyèl oswa Otis, pa endike, epi nan li menm, bezwen pou yon pwogram espesyalize. Yo desèvi anpil elèv ki gen yon klasifikasyon ID oswa Otis nan yon milye edikasyon jeneral ak/ oswa espesyal nan yon lekòl kominotè epi li ekstrèmman enpòtan pou pran desizyon reflechi pou yo bay opòtinite ki egal a elèv yo pou yo atenn potansyèl akademik yo. Gen yon pwosesis aplikasyon ki separe pou pwogram espesyalize sa yo, ke ou ka chèche konnen plis sou li pa imel [specializedprograms@schools.nyc.gov](mailto:specializedprograms@schools.nyc.gov). Pwogram espesyalize yo genyen ladan yo:

## Sèvis Klas Espesyal

**Sèvis Klas Espesyal** se sèvis yo bay pou timoun ki gen enfimite nan yon klas otonòm pandan nenpòt pati nan jounen lekòl la. Yon klas espesyal se yon klas ki konstitye ak elèv ki gen enfimite yo gwoupe ansanm pou resevwa enstriksyon espesyal nan etablisman otonòm, ki vle di ke y ap resevwa enstriksyon separe de kamarad ki pa andikape yo. Yo sèvi timoun ke yo pa ka reponn a bezwen yo nan sal klas edikasyon jeneral, menm ak èd ak sèvis siplemantè yo. Yo ka bay sèvis klas espesyal yo a plen tan oswa a tan pasyèl. Nan klas espesyal otonòm yo, elèv yo dwe gwoupe pa resanblans bezwen edikatif yo. Klas yo ka genyen elèv ki gen menm enfimite oswa ki gen enfimite ki diferan depi yo gen menm nivo karakteristik akademik ak aprantisaj, menm nivo devlopman sosyal, menm nivo devlopman fizik ak menm bezwen jesyon. Klas espesyal yo ofri diferan entansite dotasyon ki depann de bezwen akademik ak/oswa bezwen jesyon pitit ou a.

Gwosè maksimòm klas la pou elèv sa yo ke bezwen edikasyon espesyal yo enkli bezwen enstriksyon espesyal ki ka reyalize pi byen nan yon etablisman otonòm ki pa ka depase 15 elèv (15:1), oswa 12 elèv nan yon lekòl ki dirije pa Eta a oswa yon lekòl ki sipòt pa Eta a (12:1), sof ke:

- Gwosè maksimòm klas espesyal k ap desèvi elèv ke bezwen jesyon yo entèfere nan pwosesis enstriksyon yo, nan ka ke gen yon adilt adisyonèl ki nesèsè nan sal klas la pou ede nan enstriksyon elèv sa yo, pa ka depase 12 elèv, ak youn oswa plis pèsònèl lekòl siplemantè ki asinye pou chak klas pandan peryòd enstriksyon an (12:1+1).
- Gwosè maksimòm klas espesyal k ap desèvi elèv yo detèmine bezwen jesyon yo entansif anpil, epi ki egzije yon gwo degre atansyon ak entèvansyon endividyèl, pa ka depase sis elèv, ak youn oswa plis pèsònèl lekòl siplemantè ki asinye pou chak klas pandan peryòd enstriksyon an (6:1+1).
- Gwosè maksimòm klas espesyal k ap desèvi elèv yo detèmine bezwen jesyon yo entansif, epi ki egzije yon gwo degre atansyon ak entèvansyon endividyèl, pa ka depase uit elèv, ak youn oswa plis pèsònèl lekòl siplemantè ki asinye pou chak klas pandan peryòd enstriksyon an (8:1+1).
- Gwosè maksimòm klas la pou elèv sa yo ki gen plizyè enfimite grav, ke pwogram yo prensipalman se adaptasyon ak tretman, pa ka depase 12 elèv. Anplis pwofesè a, rapò pèsònèl/elèv la ta dwe youn pèsònèl pou twa elèv. Pèsònèl adisyonèl la ka pwofesè, pèsònèl lekòl siplemantè ak/oswa founisè sèvis ki asosye yo (12:1 + (3:1)).

**ACES (Academics, Career, and Essential Skills: Kapasite Akademik, Kapasite Karyè ak Kapasite Esansyèl) Pwogram pou Elèv ki gen Defisyans Entèlekyèl** – yon klas oswa pwogram espesyal nan yon lekòl kominotè pou kèk elèv yo klasifye ki genyen Defisyans Entèlekyèl (ID: Intellectual Disability) epi ki patisipe nan Evalyasyon Altènatif (NYSAA).

**Nich ASE** – yon klas ko-ansèyman entegre ICT: integrated co-teaching), yo redwi gwosè li nan yon lekòl kominotè pou elèv ki gen nivo fonksyonman otis elve.

**Orizon ASE** – jeneralman se yon klas ki gen plis pase 8 elèv nan yon lekòl kominotè pou elèv ki gen otis k ap travay pou reponn a kondisyon nivo klas yo men ki bezwen sipò endividyèl pou kèk tan pandan jounen lekòl yo.

Anplis pwogram espesyalize ki anwo a, yo konsidere tou klas bileng edikasyon espesyal ITC ak klas espesyal, pwogram espesyalize paske yo pa egziste aktyèlman nan chak lekòl. Si yon elèv bezwen pwogram bileng epi li reponn a kritè elijiblite pou edikasyon espesyal, ekip CSE a ka rekòmande pwogram edikasyon espesyal bileng. *(Wè paj 6 ak 46 pou enfòmasyon sou evalyasyon ak sèvis bileng).*

## Lekòl ki Sipòte pa Eta New York

**Lekòl ki sipòte pa Eta** yo bay sèvis edikasyon espesyal a tmoun ki soud, avèg oswa ki gen pwoblèm emosyonèl oswa fizik grav epi ke yon CSA lekòl oswa CSE distri detèmine elijib pou kalite pwogram sa. Kèk lekòl ki sipòte pa Leta bay swen rezidansyèl senk jou pou timoun ki bezwen sipò 24 sou 24.





## Lekòl ki Pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York (Jounnen)

Lekòl sa yo bay pwogram pou timoun ki gen bezwen edikatif yo pa ka trete nan yon pwogram lekòl piblik. **Lekòl ki apwouve pa Ministè Edikasyon Eta a (SED: State Education Department)** frekante sèlman pa elèv ki gen enfimite epi pa konsekan pa bay opòtinite pou timoun ki pa gen enfimite edike. Yon SED apwouve ki pa lekòl piblik ka aksepte pitit ou asèlman si lekòl la ka bay sèvis ki rekòmande nan IEP li a.

Konsèy sou Edikasyon Espesyal la (CSE: Committee on Special Education) dwe konsidere tout opsyon ki disponib nan lekòl piblik yo anvan li rekòmande yon Lekòl ki pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York la. Si CSE a rekòmande pou pitit ou ale nan lekòl ki pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York la, y ap voye ka a nan CBST (Central Based Support Team) pou lokalize lekòl ki apwopriye pou pitit ou a. W ap yon patisipan nan pwosesis sa.

## Lekòl ki Pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York (Rezidansyèl)

**Lekòl Rezidansyèl** se enstitisyon ki bay pwogram entansif nan klas ak yon anviwònman pou viv ki estriktire sou lakou lekòl yo sou yon baz 24 è pa jou. Pwogram sa se pou timoun ke bezwen edikatif yo tèlman entansif ke li mande atansyon 24 sou 24. Si yo detèmine ke etablisman rezidansyèl yo apwopriye, DOE a oblije konsidere an premye etablisman rezidansyèl nan eta a anvan li konsidere yon lekòl ki pa nan eta a.



## Enstriksyon Adomisil ak nan Lopital

Se sèvis edikatif yo bay a elèv ki pa ka ale lekòl akòz yon pwoblèm medikal oswa fizik, oswa yon defisyan emosyonèl oswa psikolojik grav. Enstriksyon adomisil ak nan lopital se pwogram yo dezinye pou sipòte elèv la kontinye ak etid yo pandan li pa ka ale lekòl, epi l ap eseye fè sa tanporèman. Paran yo dwe konnen ke pwogram enstriksyon adomisil ak nan lopital pa gen objektif pou bay pwogram akademik konplè epi yo ka limite opsyon kou ki pa obligatwa yo. Pèsònèl enstriksyon adomisil ak nan lopital yo travay ak lekòl aktyèl elèv yo pou asire kontinuite enstriksyon ak sèvis yo, nan limit ki posib lè yo konsidere kondisyon elèv la.

**Enstriksyon nan Lopital:** pran yo dwe soumèt yon demand pou enstriksyon adomisil, k ap revize epi apwouve oswa refize apre pa Ministè Sante ak Ijyèn Mantal la (DOHMH: Department of Health and Mental Hygiene). DOHMH la fikse tou yon dat ekspirasyon pou sèvis enstriksyon adomisil ki baze sou lè yo atann pou elèv la retounen lekòl la. Paran yo ka chèche renouvle sèvis enstriksyon adomisil yo lè yo soumèt yon lòt demand. Tanpri gade sit entènèt enstriksyon adomisil la pou plis detay sou pwosesis pou solisite enstriksyon adomisil la (<http://www.homeinstructionschoools.com>).

- Elèv ki nan klas 7-12yèm ane resevwa yon minimòm 10 è enstriksyon adomisil pa semèn.
- Elèv ki nan klas Matènèl rive nan 6yèm ane resevwa yon minimòm 5 è enstriksyon adomisil pa semèn.

**Enstriksyon nan Lopital:** elèv yo resevwa enstriksyon yon fwa yo antre nan yon lopital. Yo bay enstriksyon yo nan limit elèv la kapab sou plan medikal, epi si doktè lopital yo detèmine sa. Enstriksyon nan lopital la fini elèv la egzeyate nan lopital la. Si elèv la toujou twò malad pou retounen lekòl, paran yo ta dwe soumèt rapidman yon demand pou enstriksyon adomisil anvan elèv la egzeyate nan lopital la, pou minimize delè tranzisyon enstriksyon adomisil la.

## Aranjman ak Èd ak Sèvis Siplèmantè

**Aranjman ak èd ak sèvis** siplemantè ki pèmèt elèv yo enplike epi fè pwogrè nan pwogram edikasyon jeneral la epi pwogrese nan fason ki apwopriye nan atenn objektif anyèl yo. Egzanp yo enkli asinyasyon yon moun ki pou pran nòt, pèsònèl parapwofesyonèl, òganizasyon syèj espesyal, materyèl ki fòmate espesyalman, ak yon gid ki deziyen konsèp kle yo. Èd ak sèvis siplemantè yo

enkli tou sèvis divès pèsonèl tankou founisè sèvis ki asosye yo, pwofesè edikasyon espesyal ak parapwofesyonèl, epi yo ka konbine yo nan fason ki diferan pou reponn a bezwen endividyèl pitit ou a.

Yo bay sèvis ak sipò sa yo nan tout etablisman edikatif. aranjman ak èd ak sèvis siplemantè yo enkli tou, men li pa limite a sa, materyèl, aparèy ak adaptasyon sa yo:

**Materyèl Didaktik Aksesib** (AIM: Accessible Instructional Materials) yo dezinye pou bay aksè a tèks pou elèv ki gen enfimite ke enpresyon nòmal se yon obstak a aksè ak aprantisaj. Yo ka bezwen bay elèv sa yo materyèl didaktik debaz ak siplemantè nan yon lòt fòm tankou Bray, dijital oswa odyo. Yo bay materyèl didaktik debaz yo nan fòm ki espesyalize lè li nesèsè: Desizyon pou konnen si li nesèsè e, si wi, ki kalite fòm espesyalize pou bay la pran nan rankont CSE a.

**Aranjman** yo se ajisteman a anviwònman, enstriksyon oswa materyèl (pa egzanp, materyèl didaktik nan yon lòt fòm, tankou enpresyon an gwo lèt oswa Bray; pi piti kantite atik sou chak paj; bay plis tan pou fini travay yo) ki pèmèt elèv ki gen yon enfimite jwenn aksè a kontni oswa fini travay yo te bay la. aranjman yo pa chanje materyèl edikasyon an.

**Aranjman Pwogram** yo ka chanje fason elèv yo jwenn enfòmasyon yo epi demontre ke li te aprann enfòmasyon an. Pwogram aranjman yo ka enkli itilizasyon radyo tep olye de liv, liv gwo karaktè, materyèl Bray, itilizasyon yon kalkilatris pou matematik oswa itilizasyon teknoloji pou ekri ak/oswa pou li.

**Modifikasyon Pwogram** yo ka chanje fason pwogram nan dispanse a, kontni, ak/oswa nivo edikatif la. Sa ta dwe rive sèlman lè li nesèsè pou elèv la ka resevwa benefis edikatif de enstriksyon an. Yon egzanp modifikasyon se rearanje gwosè oswa konsantrasyon travay la.

**Sipò/aranjman Endividalize** yo disponib tou pou elèv yo, jan li nesèsè a. Egzanp sipò ak aranjman espesyalize se: refè kesyon ak enstriksyon yo; plis tan pou chanje klas yo; aranjman espesyal chèn yo; aranjman pou tès yo tankou kesyon yo li a wotvwa, plis tan, elatriye; èd eskolè tankou

materyèl lekti ki make, rezime ide prensipal yo, èd òganizasyon, ak nòt ki ekri deja ak gid pou etid.

## Sèvis Edikasyon Jeneral ak Deklasifikasyon

Si pitit ou te deklasifye nan edikasyon espesyal, gen sèvis yo ka ba li (sètadi, sa yo rele enstriksyon "dirèk"), ak pwofesè li a (sètadi, sa yo rele enstriksyon "endirèk") pou ede pitit ou fè tranzisyon a edikasyon jeneral la.

Sèvis sa yo ka enkli sipò edikatif, kou ratrapaj, aranjman edikatif ak/oswa pou egzamen oswa sèvis ki asosye yo. Yo ka deklasifye yon elèv sèlman apre re-evalyasyon.

Si yo te deklasifye pitit ou a, CSE lekòl la oswa CSE distri a ap defini ki sèvis, si genyen, pitit ou ap bezwen pandan premye ane li nan klas edikasyon jeneral atanplè an pou ede li fè yon tranzisyon ki gen siksè.

## Aranjman Transpò Espesyalize

Lè yo fèk rekòmande pitit ou a, CSE lekòl la oswa CSE distri a dwe enfòmasyon w ke gen dokimantasyon medikal yo egzije pou tout **Aranjman Transpò Espesyalize**. Enfòmasyon sa pataje avèk ou pandan rankont antesedan sosyal la. Transpò Espesyalize enkli depasman nan tan limite, transpò endividyèl parapwofesyonèl, enfimiyè ak aranjman ki gen rapò medikal yo.

Y ap ba ou kopi fòm **Demand pou aranjman Medikal la pou w Ranpli pa Doktè Tretan an** ke doktè ou ap dwe ranpli. W ap resevwa tou fòm **Otorizasyon pou Devwalman Enfòmasyon Sante (Authorization for Release of Health Information) Konfòmman ak HIPPA** ki dwe ranpli epi remèt nan CSE lekòl oswa CSE distri a.

## Demand pou Transpò Espesyalize

Aranjman yo egzije dokimantasyon medikal aktyèl ki soti nan men yon doktè ki deklare klèman kisa pwoblèm medikal pitit ou epi poukisa li bezwen aranjman an. Pa egzanp, si ou mande yon bis ki limite oswa yon bis ki gen è kondisyon, demand lan dwe enkli yon deskripsyon pwoblèm medikal pitit ou ak yon eksplikasyon poukisa li bezwen kalite

sèvis sa. Doktè pitit ou dwe bay dokimantasyon **sou yon baz anyèl** pandan tan revizyon anyèl pitit ou oswa evalyasyon ki mandate sou twa zan an pou yo ka apwouve aranjman an.

Tout rekòmandasyon pou transpò nan tan limite, transpò parapwofesyonèl endividyèl, enfimye ak akomidasyon ki gen lyen medikal ap revize pa

yon doktè. Baze sou revizyon an, doktè a ap fè rekòmandasyon a CSE lekòl oswa CSE distri a anvan rankont CSE a. Doktè a ka rekòmande chanjman nan rekòmandasyon medikal orijinal la.

Si CSE lekòl oswa CSE distri a twouve ke pitit ou bezwen Transpò Espesyalize, kalite aranjman li egzije a dwe ajoute nan IEP li a.





## Lòt Sèvis Edikasyon Espesyal

**Edikasyon Fizik Adapte** – Edikasyon Fizik Adapte se yon pwogram espesyal aktivite devlopman, je, espò ak rit ki adapte a enterè, kapasite ak limit endividyèl timoun ki pa ka patisipe san danje oswa byen nan aktivite pwogram edikasyon fizik regilye yo. Yo ka rekòmande pitit ou a edikasyon fizik ki adapte lè enfimite li yo entèfere nan kapasite li pou l reyalize aktivite ki enplike nan yon pwogram edikasyon fizik regilye.

**Ane Lekòl Pwolonje (Sèvis Ane Lekòl Douz Mwa)** – Si pitit ou bezwen edikasyon li a kontinye pandan vakans lan pou evite regresyon enpòtan, yo ka bay Sèvis Ane Lekòl Douz Mwa a.

**Oryantasyon ak Fòmasyon Paran** – Si ou menm, paran an, bezwen èd pou konprann bezwen espesyal pitit ou a, yo ka ba ou Oryantasyon ak Fòmasyon ak enfòmasyon sou devlopman ak/oswa sou enfimite espesyal pitit ou a. Yo bay Oryantasyon ak Fòmasyon Paran an jeneralman nan kad pwogram nan si pitit

ou nan klas espesyal ak pwopòsyon pèsònèl 8:1:1, 6:1:1 and 12:1:4. Sa yo se pa sèvis oryantasyon pou adilt epi yo pa gen pou bi pou reponn a bezwen pèsònèl oswa edikatif ou yo.

**Fòmasyon pou Fè Twalèt** – Fòmasyon pou Fè Twalèt la se yon sèvis edikatif akoutèm pou ede ou prepare pitit ou gen endepandan nan fè twalèt. li founi pa yon parapwofesyonèl ki fikse, enstwi epi ede elèv la.

**Sèvis Sipò pou Tranzisyon** – Yo ka bay sèvis sipò pou tranzisyon yo tankou konsiltasyon ak/oswa fòmasyon pou yon peryòd tan akoutèm a manm pèsònèl k ap travay ak pitit ou toutotan l ap deplase nan diferan anviwònman.

**Fòmasyon pou Deplasman** – Sèvis Fòmasyon pou Deplasman se enstriksyon espesyal akoutèm, konplè ki anseye elèv lekòl segondè ki gen enfimite ki pa avèg oswa pwoblèm vizyon yo negosye veyikil transpò piblik yo epi fasilite yo lè y ap deplase ant lakay yo epi lòt destinasyon espesyal (dabitid lekòl ak travay) san danje epi nan fason ki endepandan.

## Apre IEP a Devlope Òganize Sèvis nan rankont CSE a

Anvan fen rankont CSE a, yo dwe ba ou enfòmasyon ki detaye sou sèvis edikasyon espesyal pitit ou a. Kèlkeswa sèvis ki rekòmande pou pitit ou a, y ap fè tout efò pou pitit ou a rete nan lekòl li a.

Pifò elèv ki gen enfimite kapab epi yo ta dwe ale nan lekòl yo t ap ale si yo pat gen enfimite a, ke yo nan yon lekòl zòn lakay li oswa nan lekòl yo chwazi a. Elèv ki gen enfimite ap toujou resewa soutyen yo bezwen pou reyisi sou plan akademik paske majorite lekòl yo ka bay sèvis ki sipòte pitit ou pi byen.

Kisa dwa mwen ye nan pwosesis IEP a?

– wè paj 40



Tout elèv yo dwe jwenn aksè a enstriksyon wo kalite, ki ankourajan.



Anvan fen rankont CSE a, yo dwe ba ou enfòmasyon ki detaye sou sèvis edikasyon espesyal pitit ou a. Si yo rekòmande pitit ou a pou sèvis ki asosye yo, yon klas espesyal oswa yon klas ko-ansèyman entegre, y ap fè tout efò pou pitit ou rete nan lekòl aktyèl li a.

Si yo pran yon desizyon sou plas lekòl la nan rankont CSE a, w ap resevwa imedyatman yon **Avi Ekri Davans** (yo te rele anvan **Avi Final Rekòmandasyon**) nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*). Sa di w ki sèvis pitit ou ap resevwa. Yon avi separe ap enfòme w de non ak adrès lekòl kote pitit ou ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande nan IEP li a si li diferan de kote aktyèl pitit ou a ap atikile a.

Antanke paran, ou ka ale nan kote ki rekòmande nan **Avi Ekri Davans lan**. Si ou ta renmen òganize yon vizit nan kote a, ou ta dwe kontakte moun ki site sou **Avi Ekri Davans lan**.

Si ou pat prezan nan rankont CSE oswa kote sèvis la te diskite a, w ap resevwa pa lapòs **Avi Ekri Davans lan** nan lang ou prefere a, si li se yon lang ki kouvri jan li defini pa DOE a (*wè Glosè, Paj 48*).

### **Elèv Ki Pat Janm Resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal Konsantman Inisyèl**

Si pitit ou pat janm resevwa sèvis edikasyon espesyal, ou dwe bay konsantman w pou sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande a anvan yo ba li l. Y ap mande w endike konsantman w nan fen **Avi**

**Ekri Davans lan** epi retounen li nan adrès ki site a. Si ou pa dakò, pitit ou ap rete nan edikasyon jeneral san sèvis ki rekòmande yo.

### **Elèv Ki Ap Resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal**

Y ap avize ou nan **Avi Ekri Davans lan** de nenpòt chanjman nan sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande pou pitit ou nan kad yon nouvell rankont CSE. Pou elèv ki deja nan edikasyon espesyal yo, yo pa egzije konsantman an ankò.

Si ou dakò ak rekòmandasyon an, ou ta dwe siyen **Avi Ekri Davans lan** epi retounen li nan adrès ki site a. Y ap òganizesèvis edikasyon espesyal pou pitit ou epi y ap voye yon **Lèt Otorizasyon pou Patisipe ba ou**. Avi sa eksplike dat nouvo sèvis la ap kòmanse.

Si ou pa dakò ak sèvis yo ou ta dwe kontakte DOE a epi eseye rezoud dezakò ou a. Si ou pa ka jwenn akò ak DOE a, ou gen dwe mande yon Medyasyon oswa yon Odyans San Patipri. Pandan Medyasyon an, Odyans San Patipri a oswa nan nenpòt pwosesis apèl evantyèl, sèvis pitit ou pa ka chanje jiskaske Ofisye Odyans San Patipri a bay desizyon an oswa nenpòt apèl evantyèl fini.

### **Retire Konsantman pou Sèvis Edikasyon Espesyal**

Ou ka retire konsantman pou sèvis edikasyon espesyal ki presize nan IEP pitit ou a, nenpòt lè apre ou te konsanti pou sèvis edikasyon espesyal yo. *Demand lan dwe fèt alekri*. Lè ou retire konsantman an, se pou tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo IEP pitit ou a. Sa enkli rekòmandasyon pou transpò espesyalize, teknoloji asistans, modifikasyon pwogram, aranjman pou egzamen ak bezwen pou modifye kritè pwomosyon an. Elèv yo te rekòmande pou patisipe nan evalyasyon altènatif yo pa elijib pou patisipe nan pwogram evalyasyon altènatif la. Ou pa ka retire konsantman pou sèlman yon pòsyon sèvis edikasyon espesyal ak sèvis

**Ou dwe bay yon konsantman nisyèl pou sèvis edikasyon espesyal ki kòmanse.**

ki asosye yo. Nan sitiyasyon kote ou pa dakò ak kèk nan rekòmandasyon IEP yo, yo ka òganize yon rankont CSE pou revize IEP elèv la oswa ou ka itilize pwosedi sekirite jiridik yo soulinye nan dokiman sa nan paj 40.

Nan **10 jou sivil** apre nou resevwa avi ekri a nan men ou pou retrè konsantman pou sèvis edikasyon espesyal yo, CSE lekòl oswa CSE distri a dwe voye yon **Avi pou Mete Fen a Sèvis Edikasyon Espesyal konplè Akoz Retrè Konsantman Parantal la**. Avi sa soulinye IEP sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande pitit ou te resevwa resaman epi li pap resevwa ankò. Avi a endike plasman edikasyon jeneral pitit ou ap ladan l lan, epi eksplike w ke y ap konsidere pitit ou kòm elèv edikasyon jeneral tout tan, ni nan tout pwosedi disiplin/ sispansyon, epi yo p ap fè rankont CSE ankò pou pitit ou a. Avi a bay tou non ak kontak moun nan ka ou gen kesyon oswa enkyetid.

Lè yon paran retire konsantman pou sèvis edikasyon espesyal, CSE lekòl oswa CSE distri a pa oblije konvoke yon rankont CSE oswa devlope yon IEP pou pitit ou a. CSE lekòl oswa CSE distri a pa oblije amande dosye edikasyon pitit ou pou retire tout referans a sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye li te resevwa akòz retrè konsantman an.

Tanpri pran nòt ke lekòl oswa CSE distri a ka pa itilize pwosedi sekirite jiridik yo (sètadi, medyasyon oswa yon odyans sedirite jiridik san patipri) pou l jwenn yon desizyon pou yo ka bay sèvis yo a pitit ou san konsantman ou.

Si pitit ou bezwen yon klas espesyal e ou pa resevwa **Avi Ekri Davans lan** (yo te rele anvan **Avi Final Rekòmandasyon**) nan 60 jou lekòl apati dat konsantman poswa rekòmandasyon an pandan ane lekòl la oswa vè 15 out pou plasman pou yon ane k ap vini, w ap resevwa yon **Lèt P1-R**. Sa bay pitit ou dwa pou ale nan yon lekòl lajounen ki Pa Lekòl Piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York sou chaj DOE a pou ane lekòl sa. Yon lis lekòl lajounen ki pa piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York la ap akonpanye avi elijiblite a. Ou dwe pote **Lèt P1-R an** ak yon kopi IEP ki pi resan pitit ou nan entèvyou lekòl ki pa piblik la.



## Delè Plasman

DOE a dwe bay yon plasman pou pitit ou jan li rekòmande nan IEP a nan fason ki swiv la:

- Pou rekòmandasyon inisyèl (premye fwa) pou edikasyon espesyal, nan **60 jou lekòl** apati dat ou te bay konsantman pou evalye pitit ou a;
- Si pitit ou deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, **60 jou lekòl** apati dat rekòmandasyon pou yon re-evalyasyon.

Si ou retade pwosesis evalyasyon, rekòmandasyon ak/oswa plasman an san rezon valab, yo ka ajiste delè a kòm sadwa.

Depi yon lekòl lajounen ki pa piblik ki Apwouve pa Ministè Edikasyon Eta New York la aksepte pitit ou a, y ap mande ou menm ak lekòl ki pa piblik la siyen yon **Lèt P2**. Siyati ou endike ke ou konsanti plasman lekòl ki pa lekòl piblik la, epi siyati reprezantan lekòl ki pa lekòl piblik la endike ke lekòl la dakò pou bay sèvis edikasyon ak sèvis ki asosye yo jan li endike nan IEP pitit ou a. Depi li apwouve, w ap resevwa yon **Avi Ekri Davans** k ap finalize plasman pitit ou a. Si ou gen kesyon sou pwosesis sa oswa ou bezwen èd, ou dwe kontakte reprezantan ki site anba **Lèt P1-R an**.

## Òganize Sèvis ki Asosye

DOE a ap asinye manm pèsonèl pou founi Sèvis Asosye yo. Si pèsonèl DOE a pa disponib, n ap aranje sòvis lè n ap itilize pèsonèl nan ajans ki sou kontra ak DOE a.

Nan ka kote ni pèsonèl DOE a ni pèsonèl ajans ki sou kontra yo pa disponib, y ap emèt ou yon **Otorizasyon pou Sèvis ki Asosye (RSA: Related Services Authorization)**. RSA a pèmèt ou idantifye yon founisè sèvis la endepandan ki gen lisans nan fason ki apwopriye *san ou pa peye*. Y ap ba ou enfòmasyon sou founisè endepandan ki disponib, enstriksyon sou kijan pou itilize RSA a ak enfòmasyon konsènan kilès pou kontakte nan DOE a pou èd si ou gen kesyon oswa ou pa ka lokalize yon founisè ki disponib.

## Òganize Sèvis ESL

Si yo te rekòmande pitit ou pou resevwa Sèvis Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL: English as a Second Language Services), DOE a ap asinye yon Pwofesè DOE ESL pou founi sèvis sa yo. Si pwofesè DOE ESL la pa disponib, y ap emèt yon otorizasyon pou Sèvis (Otorizasyon **ESL**) ESL yo L ap pèmèt ou idantifye yon founisè endepandan ESL ki gen lisans san ou pa peye. Avi **Otorizasyon ESL** la ap endike frekans ak dire sèvis yo. Y ap ba ou tou enfòmasyon konsènan kilès pou w kontakte nan DOE a pou èd si ou gen kesyon oswa ou pa ka lokalize yon founisè ki disponib.

## Òganize Transpò

Si yo rekòmande pitit ou sèvis edikasyon espesyal, l ap gen dwa a transpòsoti lakay ou pou ale lekòl la epi pou retounen.

Si yo rekòmande pitit ou sèvis edikasyon espesyal nan vwazinaj lekòl ou a, li ka mache ale lekòl la. Selon distans lekòl la de lakay ou, yo ka rekòmande pitit ou bis jòn pou edikasyon jeneral (sètadi, kanpe nan arè) oswa pou l resevwa Kat Metro Vil New York pou l itilize transpò piblik. Yo atann ke elèv lekòl segondè ki gen enfimite ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo itilize transpò piblik, si yo kapab.

Tout rekòmandasyon pou transpò espesyalize (sètadi pòt a pòt) detèmine pa CSE lekòl oswa CSE distri a. Timoun ki gen mobilite limite, defisyans fizik/òtopedik ak lòt defisyans sante ki mande bis pòt a pòt jeneralman. Si pitit ou bezwen transpò pòt a pòt, y ap endike sa sou IEP li a. Y ap òganize transpò nan bis osi rapid ke posib, nan pa plis ke 5 jou jeneralman. Biwo Transpò Elèv la (OPT: Office of Pupil Transportation) ap avize pa ekri dat sèvis bis la ap kòmanse. Si ou pa resevwa enfòmasyon de OPT a, rele liy jans lan nan 718-392-8855 pou èd.

Si Ministè a pa ka òganize sèvis bis la pou lekòl ki rekòmande a nan yon fason ki kòrèk apati de dat konsantman an, y ap fè lòt aranjman pou transpò pou pèmèt pitit ou ale epi tounen sot lekòl. Si sityasyon sa rive, w ap resevwa yon lèt ak yon fòm ranbousman transpò.

### Aksè a Dosye

Ou ta dwe resevwa yon kopi tout evalyasyon oswa rapò ke y ap konsidere anvan rankont CSE pou pitit ou a. Anplis, ou gen dwa pou mande kopi tout evalyasyon oswa rapò ke yo te ekri epi plase nan fichye pitit ou a. Sa ka fèt lè ou fè yon demand nan lekòl la oswa, si pitit ou nan yon lekòl ki pa lekòl piblik oswa yon lekòl charter, prezidan CSE distri a. Kèk fwa, paran yo pa dakò ak deklarasyon ki fèt nan dosye pitit yo. Nan ka sa, ou ka mande, alekri, pou w rankontre ak lekòl la oswa, pou lekòl ki pa lekòl piblik ak lekòl charter yo, prezidan CSE distri a pou diskite domèn dezagreman an.

Nan kad rankont sa yo, CSE lekòl oswa CSE distri a ka deside retire yon pati nan dosye a. Y ap avize w de nenpòt chanjman nan dosye pitit ou a. Si CSE lekòl la oubyen CSE distri a pa dakò pou retire pòsyon ou te kesyone a epi ou pat satisfè de trètman enkyetid ou yo, ou ka ekri yon lèt a Prezidan CSE lekòl oswa CSE distri ki ekspozè pati nan dosye a ou pa dakò avè l la. CSE lekòl la oubyen CSE distri a egzije yo mete lèt sa nan dosye pitit ou a. Ou ka depeze yon apèl tou bay Sipèntandan an dapre **Règleman Chanselye A-820 an, "Konfidansyalite ak Devwalman Dosye Elèv; Konsèvasyon Dosye."** ("Confidentiality and Release of Student Records; Records Retention.")

### Konfidansyalite Dosye yo

Nan moman konsantman pou evalyasyon an, y ap mande w siyen yon fòm devwalman dosye ki otorize CSE lekòl oswa CSE distri a jwenn rapò de ajans ekstèn ak rapò medikal de doktè yo ki ka enpòtan pou evalyasyon pitit ou a. Alòke yo pa egzije w siyen fòm devwalman an, DOE a mande w konsidere pou otorize CSE lekòl oswa CSE distri a jwenn aksè a dosye nan ajans ekstèn oswa doktè yo ki ka ede manm CSE lekòl oswa CSE distri a konprann bezwen pitit ou yo pi byen.

Tout evalyasyon yo ekri oswa eskane nan sistèm done elektwonik nou an (SEISIS). Enfòmasyon yo nan fichye ki konfidansyèl epi yo pap bay yo a okenn ajans ekstèn oswa moun san konsantman

**Evalyasyon ak rapò pitit ou yo konfidansyèl.**





ou oswa amwen ke yon tribinal òdone devwalman dosye pitit ou a. Sèlman pèsònèl Ministè Edikasyon k ap travay pou pitit ou gen aksè a dosye sa yo.

### Konsantman pou Faktirasyon Medicaid

Ministè Edikasyon an ap mande fanmi tout timoun ki gen IEP siyen yon konsantman ki otorize Ministè a faktire Medicaid pou peye yon pòsyon nan depans sèvis edikasyon espesyal yo. Akoz enkyetid konfidansyalite yo, yo mande tout fanmi yo siyen fòm sa yo, menm sa ki pa nan Medicaid yo. Si Ministè a faktire Medicaid, fakti ya pa afekte fanmi an—yo p ap refize fanmi an sèvis ekstèn yo, yo p ap dwe peye plis pou Medicaid, kalite sèvis y ap resevwa yo p ap chanje, sa pap gen okenn enpak sou fanmi an sof ke sistèm lekòl la ap gen plis fon pou sèvi timoun yo. Fanmi yo ka toujou refize otorize Ministè a faktire Medicaid epi y ap kontinye bay sèvis yo.

### Opsyon Paran

Patisipasyon ou nan devlopman, egzamen ak revizyon IEP pitit ou esansyèl. Antanke paran, ou gen dwa ak responsablite pou asire ou ke ou konprann konplètman sa ki nan IEP pitit ou a. Si ou pa dakò ak rekòmasyon CSE lekòl oswa CSE distri a, ou gen dwa konteste desizyon CSE lekòl oswa CSE distri a konsènan elijibilite, evalyasyon, sèvis ak plasman pitit ou a. Si ou pa dakò ak aksyon oswa refi pou pran mezi CSE lekòl oswa CSE distri a nan zafè sa yo, ou gen plizyè opsyon:

**Mande yon Medyasyon** — Pandan Medyasyon an, oumenm ak manm CSE lekòl oswa CSE distri a chita ak yon tyès pati ki net k ap ede epi ankouraje ou menm ak Ministè Edikasyon an jwenn yon akò. Ou ka fè demand medyasyon an nan CSE lekòl oswa CSE distri pitit ou a. Isi pitit ou nan yon lekòl ki pa lekòl piblik.

**Demand Odyans San Patipri** — Antanke paran, ou gen dwa mande sa yo rele yon Odyans San Patipri. Se yon pwosedi legal. Pandan yon Odyans San Patipri, w ap parèt devan yon Ofisyè Odyans San Patipri (Impartial Hearing Officer) (se pa yon anplwaye DOE) epi prezante vèsyon fè pa w. Ofisyè Odyans lan ap koute ou ak reprezantan ki soti nan DOE a, pran prèv nan men temwen ak dokiman yo epi fè yon detèminasyon ekri konsènan kijan pou rezoud pwoblèm ou te souleve yo.

Depi yo mande yon Odyans San Patipri, "**enstans;**" (yo rele kèk fwa "**stay-put**") la aplike. Sa vle di ke pitit ou rete nan menm plasman aktyèl li a pandan dire tout pwosedi sekirite jiridik jiskaske pwoblèm nan rezoud oswa ou jwenn yon akò ak DOE a.

Demand Odyans San Patipri a dwe fèt alekri bay Biwo Odyans San Patipri a nan:

**Office of Impartial Hearings**  
**131 Livingston Street, Room 201**  
**Brooklyn, New York 11201**  
**(718) 935-3280**



**Patisipasyon ou nan devlopman, egzamen ak revizyon IEP pitit ou esansyèl.**



Demand pou Odyans San Patipri ou *dwe*:

- Fèt *pa ekri* a Biwo Odyans Enpasyal (Office of Impartial Hearings);
- Dekri fè ki gen rapò ak enkyetid ou ak solisyon ou pwopoze yo;
- Endike non ak adrès pitit ou a;
- Non lekòl pitit ou ye a.

Yon fòm lèt ki rekòmande ke ou ka itilize pou mande Odyans San Patipri a, disponib nan CSE distri oswa Biwo Odyans San Patipri a. Ou ka jwenn yon fòm tou nan New York State Office for Vocational and Educational Services to Individuals with Disabilities.

### **Pwosesis Rezolisyon Lè yo Depoze yon Odyans San Patipri**

Nan 15 jou apre ou fè demand pou Odyans San Patipri a, DOE a ap travay avèk ou pou rezoud pwoblèm ou te dekri nan Odyans San Patipri ou nan yon Rankont pou Rezolisyon. Se pa menm bagay ak Medyasyon men li egzijè yon pati nan pwosesis Odyans San Patipri a.

Gen twa enstans kote yon Rankont pou Rezolisyon ka fèt:

1. Si ou menm ak Ministè Edikasyon an *dakò alekri* pou anile Rankont Rezolisyon an, yo dwe avize Biwo Odyans Ekitab la epi y ap planifye yon Odyans San Patipri nan 14 jou sivil.
2. Si ou retire demand pou Odyans San Patipri ou, yo pa bezwen fè yon Rankont pou Rezolisyon.
3. Si apre Ministè a fè plizyè esè ki dokimante pou kontakte w pou fikse yon Rankont pou Rezolisyon epi ou pa patisipe oswa ou pa anile Rankont Rezolisyon an pa ekri, Ofisye Odyans San Patipri a dwe enfòmè d DOE a gen dwa mande ke yo rejte demand ou a.

Apre li resevwa yon demand pou yon Odyans San Patipri, Biwo Odyans lan ap kontakte ou menm ak DOE a pa telefòn pou planifye yon odyans. W ap resevwa tou yon deskripsyon konplè pwosesis Odyans San Patipri a epi y ap fè ou konnen alekri dat ki fikse a, lè a ak plas odyans lan. Si ou swete mennen yon avoka nan odyans lan, yo dwe voye yon Avi Parisyon ki soti nan men avoka a bay Biwo Odyans San Patipri a anvan odyans lan. Pèsònèl lekòl la ka mande tou yon Odyans San Patipri. Y ap bay yon entèprèt sou demand. Apre odyans lan, kote ou menm ak pèsònèl Ministè Edikasyon a eksplike pozisyon respektif nou epi soumèt prèv pou soutni desizyon nou, Ofisye Odyans lan ap ekr yon desizyon. Y ap voye yon kopi desizyon an pa lapòs pou ou.

Ofisye Odyans lan baze antyèman sou prèv ki admèt nan odyans lan. Li dwe enkli rezo ak baz desizyon an. Desizyon an enfòmè ou menm ak Ministè a dwa pou fè apèl kont desizyon an bay Ofisye Revizyon Eta New York la (New York State Review Officer). Si ou pa soumèt yon apèl nan 30 apati dat ou resevwa desizyon an, yo egzijè tout pati yo rete ak desizyon Ofisye Odyans lan.

### **Apèl bay Ofisye Revizyon Eta New York la**

Yon apèl bay Ofisye Revizyon Eta New York la se yon lòt etap pou rezoud dezakò yo.

Yon demand pou yon apèl se yon pwosesis legal. Alòke li pa nesesè pou gen yon avoka, pwosedi pou soumèt yon apèl espesyal epi li dwe swiv nan fason egzak pou evite delè oswa rejè. Enfòmasyon sa yo nan seksyon "**Dwa sou Sekirite Jiridik**" nan bwochi "**Edikasyon Espesyal nan Eta New York pou Timoun Laj 3–21 an: Yon Gid pou Paran (Special Education in New York State for Children Ages 3–21)**".

## Sekirite Jiridik

Sekirite Jiridik la fè referans a pwosedi ki, pa lalwa, itilize pou asire dwa pitit ou pou yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education) ak dwa ou pou w enplike epi pou w gen yon konpreyansyon konplè de pwosesis sa. Sekirite Jiridik la asire sa ki swiv yo:

**Dwa pou W Enfòm Konplètman** – Ou dwe avize nan fason ki adekwa, nan lang ou prefere a oswa mwayen komunikasyon an, de dwa ou nan pwosesis priz-desizyon edikasyon an.

Gen enstans yo idantifye nan Gid Paran sa lè y a mande w pou w bay konsantman ou. Bay konsantman ou vle di ke ou te enfòm konplètman, nan lang ou prefere de tout enfòmasyon konsènan aksyon ke ou te bay konsantman w pou li a, ke ou konprann epi ou dakò alekri ak aksyon sa e ke notifikasyon an enkli, si genyen, kisa dosye yo ap afiche epi a kilès. Konsantman vle di tou ke ou konprann ke konsantman an volontè bò kote pa w epi ou ka retire konsantman ou a nenpòt kilè. Tanpri, konprann ke retrè konsantman ou pa anile (defèt) yon aksyon ki te pase apre ou te bay konsantman ou epi anvan ou te retire l.

**Dwa pou Patisipe** – Ou gen dwa pou patisipe nan priz desizyon atravè patisipasyon nan rankont ak lòt enplikasyon ki pèmèt yo konsidere pwendvi ou.

Sa enkli dwa pou w mennen lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan rankont pitit ou a. Yo dwe planifye rankont pou diskite rekòmandasyon sèvis pou pitit ou a avèk ou nan yon lè ki bon pou tout moun. Si ou bezwen yon entèprèt, Ministè Edikasyon an dwe bay youn.

**Dwa pou Konteste** – Ou gen dwa pou konteste desizyon lekòl la pran konsènan pitit ou a. Ou ka solisite Medyasyon, yon Odyans ki San Pati Pri, oswa konteste tout desizyon ki afekte edikasyon pitit ou oswa pou rezoud diferans yo. Si ou bezwen yon entèprèt, Ministè Edikasyon an dwe bay youn.

**Dwa pou Fè Apèl** – Ou gen dwa pou fè apèl kont desizyon yon Ofisyè Odyans San Pati Pri (Impartial Hearing Officer) bay Ofisyè Revizyon Eta New York la (New York State Review Officer ), oswa chèche konsiderasyon tribinal sou desizyon Ofisyè Revizyon Eta a. Ou ka opoze w tou kont apèl Ministè Edikasyon an te inisye tou.

**Dwa pou W Gen yon Lòt Manm Paran nan Rankont IEP a** – Ou gen dwa pou w mande pou yon Lòt Manm Paran patisipe nan rankont IEP a lè w fè demand sa omwen 72 è anvan dat Rankont IEP a prevwa a.

Ou gen dwa tou pou w jwenn epi/oswa pou w egzamine kopi dosye lekòl pitit ou a. Ou gen dwa pou resevwa epi konsidere tout rapò ak evalyasyon anvan yon rankont Ekip IEP a.

# seksyon 6

## Aprè Lekòl Segondè–Inivèsite, Karyè ak Planifikasyon Aprè Segondè

Gradyasyon nan lekòl segondè make finisman yon etap enpòtan nan devlopman yon jèn adilt.

Prepare pou lavi aprè lekòl segondè egziye elèv ak paran yo konprann kijan pwogram akademik elèv yo– kou ak egzamen yo pran nan lekòl primè ak lekòl segondè–lye ak objektif pòs segondè yo.

■ **Diplòm Regents Avanse**

■ **Diplòm Regents**

■ **Diplòm Lokal**

■ **Sètifika Gradyasyon ki Pa Diplòm**

- Sètifika Gradyasyon pou Etidyan Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl (CDOS: Career Development and Occupational Students)
- Sètifika Gradyasyon pou Pefòmans ak Akonplisman.

Planifikasyon nan lekòl primè ak lekòl segondè ap asire ke pitit ou te gen pi plis kantite opsyon aprè lekòl segondè.

Tout elèv ta dwe resevwa yon edikasyon ki ofri yo pi plis opòtinite pou inivèsite, aktivite pou karyè ak aktivite pòs segondè. Eta New York adopte resamman yon nouvo seri nòm aprantisaj yo rekonèt kòm Nòm Aprantisaj Debaz Komen (Common Core Learning Standards).

**Kisa egzijans diplòm yo ye?**

– gade paj 42



**Plan pou  
gradyasyon.**

Ou dwe resevwa avi alekri anvan pitit ou gradye nan lekòl segondè pou yon diplòm Regents Avanse, yon diplòm Regents oswa yon diplòm Lokal pou enfòmè ou ke pitit ou pa elijib ankò pou resevwa yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education) apre gradyasyon. Si pitit ou soti swa ak Sètifika Gradyasyon pou Edid Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl la (CDOS: Career Development and Occupational Studies) oswa Sètifika Gradyasyon pou Pèfòmans ak Akonplisman kòm inik sètifika sòtan li, elèv la dwe resevwa yon asirans alekri ke li elijib pou ale lekòl pandan ane lekòl I ap genyen 21 ane a.

## Lekòl Segondè

Antanke paran yon timoun ki nan lekòl primè, w ap dwe pase nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Tanpri pran nòt ke elèv ki gen enfimite yo gen menm dwa ak opòtinite pou aplike nan nenpòt lekòl segondè ak kamarad ki pa gen enfimite yo. Oumenm ak pitit ou ta dwe kòmanse ale nan fwa lekòl segondè lè pitit ou nan 7yèm ane. Fwa lekòl segondè yo fèt nan trimès otòn nan. Lekòl segondè nan tout vil la reprezante nan fwa sa yo: pèsònèl, elèv ak paran yo sou tab ekspozisyon yo epi yo disponib pou reponn kesyon yo. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis admisyon nan lekòl segondè, tanpri ale sou; <http://schools.nyc.gov/NR/ronlyres/531C5296-BC35-43E0-BD29-2D7E29BAB2C7/0/AcpolicySWD.pdf>

Yo ankouraje tout elèv, ikonpri elèv ki gen enfimite yo, travay pou rive nan pi opsyon diplòm ki pi wo a. Lè li nan lekòl segondè, ou ta dwe travay etwatman ak konseye gid ak pwofesè pitit ou yo pou planifye epi swiv reyalizasyon akademik ak reyalizasyon pèsònèl pou optimize opòtinite pitit ou apre lekòl segondè. Men yon apèsi diplòm ak sètifika gradyasyon lekòl segondè a ki disponib pou elèv ki gen enfimite yo.

Pou enfòmasyon ki pi ajou sou egzijans gradyasyon, ak lòt resous valab nan planifikasyon trajektwa lekòl primè ak lekòl segondè pitit ou a, tanpri ale sou: <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm>

## Kondisyon Diplòm yo

Pou yo pran yon diplòm, elèv yo dwe gen 44 kredi epi pase egzamen espesifik eta a:

- 8 Kredi Anglè
- 8 kredi syans sosyal (4 nan istwa jeneral, 2 nan istwa Etazini, 1 politik, ak 1 nan ekonomi)
- 6 Kredi matematik
- 6 kredi syans (minimòm 2 kredi syans lavi ak 2 kredi syans fizik)
- 2 kredi lang ki pa Anglè (6 kredi pou diplòm Regents Avanse a)
- 2 kredi la
- 4 kredi edikasyon fizik
- 1 kredi sante
- 7 kredi ochwa (3 kredi pou diplòm Regents Avanse a)

Yo ka dispansè yon elèv ki gen yon enfimite pou reponn a egzijans lang ki pa Anglè a si IEP li endike ke egzijans sa pa apwopriye akòz enfimite li a.

### Egzamen

Etidyan yo dwe pase senk egzamen Regents pou yo genyen yon diplòm Regents (Anglè, Istwa ak Jewografi Jeneral, Istwa ak Politik Etazini; yon Regents matematik, ak yon Regents syans). Elèv ki gen enfimite ka genyen yon diplòm Lokal atravè Filè Sekirite a lè yo reponn a egzijans egzamen altènatif yo. Elèv yo ka genyen yon diplòm Regents Avanse lè yo pase lòt egzamen Regents yo. Tanpri ale sou: <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm> pou plis enfòmasyon.

## Diplòm ki Egzije Egzamen

Tout elèv elijib pou resevwa yon diplòm Regents Avanse, yon diplòm Regents ak yon diplòm Lokal.

Elèv yo dwe pran egzamen Regents patikilye pou yo elijib pou resevwa diplòm sa yo. Tout elèv ka pran Regents yo plis ke yon fwa.

Pou enfòmasyon ki pi ajou sou egzijans pou gradyasyon ak lòt resous valab nan planifikasyon trajektwa lekòl segondè pitit ou a, tanpri ale sou <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm>

### Sètifika Gradyasyon

Anplis opsyon diplòm ki te dekri a, elèv ki gen IEP yo ka pran sètifika gradyasyon. Sètifika sa yo ranplase diplòm IEP a; dènye diplòm IEP a te emèt an jwen 2013.

- Sètifika Gradyasyon pou Etid Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl (CDOS: Career Development and Occupational Studies)
- Sètifika Gradyasyon pou Pèfòmans ak Akonplisman

Sètifika sa yo pa ekivalan a yon diplòm lekòl segondè epi yo pa garanti kalifikasyon pou travay kote yo egzije yon diplòm lekòl segondè. Olyesa, yo founi opòtinite pou elèv yo devlope epi demontre metriz konpetans ki ka ede yo reyisi nan eksperyans travay apre lekòl segondè. Yo dwe ankouraje lèw ki gen enfimite, tankou tout elèv pou pouswiv opsyon diplòm ki pi wo ki disponib la. Elèv ki resevwa sètifika sa yo elijib pou kontinye frekante lekòl la jiskaske li pran yon diplòm lekòl segondè oswa jiska fen ane lekòl 21yèm anivèsè yo a (kèlkeswa sa ki rive anvan an).

Sètifika Gradyasyon CDOS la rekonèt preparasyon elèv pou travay nan nivo ki pi ba a atravè reyalyasyon nòm aprantisaj Etid Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl (CDOS) yo. Elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon estanda Eta New York yo ka resevwa sètifika sa lè yo konplete yon plan karyè, pwofil pou travay ak 216 èdtan eksperyans pou preparasyon karyè, ki enkli omwen 54 èdtan aprantisaj adomisil. Sètifika Gradyasyon CDOS la ka atribye sèlman kòm yon sipleman a yon diplòm oswa kòm inik sètifika ki egziste apre omwen 12 ane edikasyon, ki pa enkli kinntègadenn.

Sètifika Gradyasyon pou Konpetans ak Reyalyasyon an rekonèt konpetans, fòs ak nivo endepandans nan kapasite akademik, kapasite devlopman karyè ak kapasite kreyasyon ki nesese pou lavi apre lekòl, pou aprantisaj ak travay. Yo ka atribye sètifika sa sèlman a elèv ki gen enfimite grav ki patisipe nan Lòt Evalyasyon Eta New York la (NYSAA: New York State Alternate Assessment) apre omwen 12 ane edikasyon ki pa enkli matènèl.

### Sèvis Tranzisyon ak Opsyon Pòs Segondè

**Sèvis tranzisyon** yo defini pa lalwa kòm yon ansanm aktivite ki kowòdone ki deziyen pou prepare elèv yo pou rezilta ki vizwalize elèv la nan lavi adilt. Rezilta yo ka enkli edikasyon apre segondè, ki enkli 2 ak 4 ane nan inivèsite, travay, fòmasyon pwofesyonèl, edikasyon adilt, sèvis adilt, lavi otonòm ak patisipasyon kominotè. Ansanm aktivite pou chak elèv dwe baze sou bezwen endividyèl, preferans ak enterè elèv la. Aktivite a dwe enkli, enstriksyon, eksperyans kominotè, ak devlopman travay oswa objektif lavi adilt apre lekòl.

Aktivite yo espesyal a elèv yo, yo teni kont de fòs, preferans ak enterè elèv la, epi yo baze sou objektif apre segondè elèv la epi yo sipòte objektif yo ak bezwen tranzisyon yo. CSE ki baze nan lekòl la oubyen CSE distri a dwe idantifye bezwen tranzisyon yo ki konsantre sou kou etid elèv la pliske yo lye ak tranzisyon soti nan lekòl segondè pou rive nan aktivite eskolè apre segondè yo. Egzanp kou etid yo ta ka enkli travo klas pwogram eskolè, kou ak/oswa sekans kou nivo avanse nan yon karyè ak chan edikasyon teknik ki lye ak objektif apre segondè elèv la.

Yon **Ansanm Aktivite ki Kowòdone** Kouvri domèn sa yo:

- Enstriksyon ak/oswa kou espesyal ke elèv la ta ka bezwen pou prepare lavi eskolè apre segondè. Enstriksyon an ka enkli enstriksyon espesyal jeneral ak/oswa enstriksyon pou edikasyon espesyal, ak/oswa enstriksyon pou aprann yon konpetans patikilye (pa egzanp, konpetans pou rezoud pwoblèm).
- Sèvis Asosye ke elèv la ka bezwen pou sipòte elèv la pou l atenn rezilta apre lekòl li pwojte yo (pa egzanp, oryantasyon, kotchng pou travay, terapi langaj).





- Sèvis travay oswa lòt sèvis pou lavi adilt apre lekòl oswa aktivite ke elèv la bezwen pou prepare l pou travay epi atenn lòt objektiv pou lavi adilt apre lekòl segondè (pa egzanzp, patisipasyon nan yon pwogram eksperyans travay, èd pou konplete aplikasyon pou inivèsite oswa pou travay, pratik nan kapasite pou entèvyou).
- Eksperyans Kominotè—aktivite yon elèv bezwen pou patisipe nan kominote a oswa pou aprann jwenn aksè nan resous kominotè yo (pa egzanzp, djòb apre lekòl, estaj, aktivite lwazi kominotè) pou reyalize rezilta apre lekòl li te fikse yo.
- Aktivite Lavi Kotidyen (ADL: Activities of Daily Living), si yo apwopriye a bezwen elèv la, se sèvis oswa aktivite k ap ede elèv la nan pèfòmans lavi kotidyen yo.
- Evalyasyon Pwofesyonèl Fonksyonèl (FVA: Functional Vocational Assessment) se yon evalyasyon ki detèmine fòs, abilite ak bezwen yon elèv nan yon anviwonman travay reyèl oswa fo oswa nan modèl eksperyans travay reyèl. IEP a dwe endike si elèv la ap bezwen yon evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl antanke yon sèvis oswa yon aktivite tranzisyon. Li enpòtan pou diskite epi planifye aktivite tranzisyon pitit ou yon fwa li gen 15 zan, pou li ka maksimize opsyon apre segondè yo.

### Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt—Readaptasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR: Adult Career and Continuing Education Services—Vocational Rehabilitation)

Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt-Reyadaptasyon Pwofesyonèl (ACCES-VR: Adult Career and Continuing Education Services-Vocational Rehabilitation) bay opòtinite chak ane pou moun ki gen enfimite yo vin endepandan pa mwayen travay. ACCES-VR se yon biwo Ministè Edikasyon Eta New York la, epi li bay sèvis preparasyon pou travay ak sèvis preparasyon a moun ki kalifye yo. ACCES-VR ede moun ki enfim ki gen difikilte pou kenbe djòb yo tou.

Yon rekòmandasyon a ACCES-VR la, de zan anvan fini lekòl, anpeche yon entèripsyon nan sèvis yo e li ede tranzisyon elèv la vè laj adilt. Biwo ACCES-VR yo nan toule senk awondisman yo.

Borough District Office	Nimewo Telefòn	Adrès
Bronx	718-931-3500	1215 Zerega Avenue Bronx, NY 10462
Brooklyn	718-722-6700	New York State Office Building 55 Hanson Place, Second Floor Brooklyn, NY 11217
Manhattan	212-630-2300	116 West 32nd Street, 6th Floor New York, NY 10001
Harlem Satellite Office <i>Serving 110th St. to 155th St.</i>	212-961-4420	Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building 163 W. 125th Street, 7th Floor, Room 713 New York, NY 10027
Queens	347-510-3100	11-15 47th Avenue, Long Island City, NY 11101
Staten Island Satellite Office	718-816-4800	2071 Clove Road, Suite 302 Staten Island, NY 10304

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt ACCES-VR la nan: <http://www.acces.nysed.gov/vr/>  
[www.fcny.org/train/trainhtml/geninfo.htm](http://www.fcny.org/train/trainhtml/geninfo.htm)

# Lòt Enfòmasyon ki Enpòtan

## Glosè Tèm yo

**Aranjman:** Zouti ak pwosedi ki bay menm aksè a enstriksyon ak evalyasyon pou elèv ki gen enfimite yo. Dezinyen pou "mete teren jwèt la a nivo" pou elèv ki gen enfimite yo, aranjman yo gwoupe jeneralman nan kategori sa yo:

- Prezantasyon (e.g., repetisyon adrès, lekti awotwva, itilize bouyon ki pi gwo sou fèy repons, etc.);
- Repons (e.g., make repons yo nan liv, itilize èd referans, pwentiyaj, itilize yon òdinatè, elatriye.);
- Kwonometraj/Pwogramasyon (pa egzanp, peryòd pwolonje, poz tanzantan, elatriye);
- Enstalasyon (pa egzanp karèl pou etid, ekleraj espesyal, sal separe, elatriye).

**Edikasyon Fizik Adapte (APE: Adapted Physical Education):** Yon pwogram edikasyon fizik pou timoun ki gen enfimite ki pa ka patisipe nan tout sekirite oswa ak siksè nan pwogram edikasyon fizik regilye a.

**Paran Adoptif:** Adilt yo te akòde responsablite yon timoun pa pwosedi adopsyon legal ki retire oswa ki anile dwa paran biyolojik yo.

**Plasman Altènativ** Yon plasman tanpore yo bay pou elèv yo rekòmande klas bileng men ki pa gen yon pwofesè/klas bileng ki disponib pou li. Yo ka asinye yon parapwofesyonèl bileng pou travay ak elèv la nan klas ak yon pwofesè monoleng ki te fòme nan apwòch ak metodoloji Anglè kòm yon Dezyèm Lang

**Lèt Sèvis (yo rekonèt tou kòm Entèvansyon/ sèvis prevansyon):** Sèvis yo bay a elèv edikasyon jeneral ki gen difikilte nan lekòl. Sèvis sa yo se yon altènativ pou edikasyon espesyal pou elèv ki pa klase kòm moun ki enfim oswa anvan yon rekòmandasyon pou evalyasyon pou edikasyon espesyal. Altènativ pou edikasyon espesyal yo ka enkli pwogram lekti ak kou ratrapaj matematik, sèvis oryantasyon ak òtofooni ak terapi langaj ke yo bay nan lekòl la anvan rekòmandasyon pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal.

**Objektif Anyèl** Objektif ki ekri sou IEP ki dekri kisa yo atann pou timoun nan reyalize nan domèn ki gen rapò ak enfimite a(yo) sou yon peryòd yon lane.

**Revizyon Anyèl:** Revizyon sèvis ak pwogrè edikasyon espesyal yon elèv ki andikape ke yo fè omwen yon fwa chak ane lekòl pa pwofesè elèv la(yo) nan yon rankont CSE. Yo ka rekòmande oswa pa rekòmande chanjman nan sèvis edikasyon espesyal yo nan moman sa.

**Atikilasyon:** Yon pwosesis ki kòmanse chak prentan pou detèmine mouvman yon elèv depi nan elemantè pou primè oswa depi primè pou rive nan lekòl segondè nan menm pwogram nan.

**Evalyasyon:** Pwosesis kolekte enfòmasyon sou fòs ak feblès yon elèv pou amelyore pwogram akademik li Enfòmasyon yo kolekte atravè tès, obsèvasyon ak entèvyou ap ede ekip la detèmine nivo fonksyonman ak bezwen edikatif timoun nan.

**Otorizasyon Evalyasyon:** Yon lèt a paran yo ki enfòme yo de dwa yo pou jwenn yon evalyasyon endepandan pou pitit yo pa yon prestatè endepandan ki pa nan Ministè Edikasyon an sou frè Ministè Edikasyon an.

**Aparèy Teknoloji Asistans ak Sèvis:** Yon Aparèy Teknoloji Asistans se tout ekipman, pwodwi oswa sistèm ke yo itilize pou ogmante, kenbe oswa amelyore kapasite pou yon timoun fonksyone ak yon enfimite (pa egzanp, yon aparèy kominikasyon, yon inite FM, aksè a òdinatè). Yon Sèvis Teknoloji Asistans se tout sèvis ki ede yon timoun dirèkteman ak yon enfimite pou chwazi, jwenn oswa itilize yon aparèy teknoloji asistans. Tout teknoloji asistans oswa sèvis pitit ou bezwen dwe site nan IEP li a. Si ou panse pitit ou bezwen teknoloji asistans, ou ka mande yon evalyasyon pou teknoloji asistans.

**Evalyasyon Odyolojik:** Yon evalyasyon ekout espesyalize yo fè pou detèmine si yon elèv gen pèt tande ki enpòtan oswa non.

**Lèt Otorizasyon pou Patisipe:** Yon avi yo voye bay paran yo apre yo te fin dakò pou sèvis edikasyon espesyal ki endike dat elèv la ap kòmanse resevwa sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande yo.

**Plan Entèvansyon Konpòtman (BIP: Behavior Intervention Plan):** Yon plan pou trete pwoblèm konpòtmantal ki enkli, nan fason ki apwopriye, entèvansyon konpòtmantal pozitif, estrateji ak sipò, pwogram modifikasyon ak èd ak sèvis siplemantè ki ka nesesè pou trete pwoblèm konpòtmantal la.

**Evalyasyon Bileng** Yon evalyasyon ki fèt ni an Anglè ni nan lang prefere yon timoun pa pwofesyonèl ki konprann toulede lang yo. Evalyasyon an ka fèt pa yon evalyatè bileng Ministè Edikasyon an, yon evalyatè ki anplwaye pa yon ajans ki sou kontra Ministè Edikasyon an, yon evalyatè endepandan ki pa nan Ministè Edikasyon an oswa yon evalyatè monoleng avèk yon entèprèt.

### Enstriksyon Bileng:

**Doub Lang (DL: Dual Language):** Pwogram Doub Lang lan bay enstriksyon nan de lang. Objektif modèl DL la se pou devlope bilengwis nan toulede lang yo. Elèv yo vin konpetan nan li, ekri ak ak pale an Anglè ak nan lang sib pwogram nan (pa egzanp, Espanyòl, Chinwa). Modèl DL la lekòl la itilize a baze sou demografi elèv ki nan lekòl ak distri a; men, ELL yo resevwa priyorite enskripsyon nan pwogram DL yo. Kantite tan ansèyman ki konsakre pou chak lang ka varye selon modèl ak lekòl la (pa egzanp, 60% Anglè/40% Espanyòl). ELL ki enskri nan pwogram DL yo resevwa enstriksyon ESL nan kad pwogram akademik yo.

**Edikasyon Bileng Tranzisyonèl (TBE: Transitional Bilingual Education)** Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyonèl yo bay enstriksyon an Anglè ak lang natal elèv la. Objektif modèl TBE a se pou elèv la devlope konpetans an Anglè, lè l ap redwi pe a pe kantite enstriksyon nan lang natal li. Lekòl la bay Lang Anglè (ELA: English Language Arts), Lang Natal (NLA: Native Language Arts), ak kou ki sou matyè nan lang natal ak an Anglè. Toutotan elèv la ap devlope konpetans an Anglè, tan ki pase nan aprantisaj an Anglè a ap ogmante epi enstriksyon nan lang natal la ap diminye (pa egzanp, Ane 1: 60% Espanyòl/40% Anglè; Ane 2: 50% Espanyòl/50% Anglè)

**Sètifika Gradyasyon nan Etid Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl (CDOS: Career Development and Occupational Students):** Sètifika ki pa yon diplòm sa disponib pou elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon estanda yo, sou eliminasyon diplòm IEP a apre Jwen 2013. Yo k emèt li kòm yon apwobasyon pou yon diplòm Regents Avanse, yon diplòm Regents, oswa yon diplòm Lokal oswa kòm inik sètifika sòtan elèv la. Sètifika Gradyasyon CDOS la rekonèt metrize nòm aprantisaj etid devlopman karyè ak pwofesyonèl (CDOS: career development and occupational studies) elèv la ak akonplisman yon pwogram preparasyon karyè. Sètifika a deziyen pou bay elèv ki gen IEP a opòtinite ki estriktire, ki gen rigè pou devlope pèfòmans li bezwen pou reyisi nan travay apre lekòl segondè. Yo dwe bay elèv ki gen pi piti pase 21 an k ap soti ak CDOS la kòm inik sètifika yon asirans ekri de elijiblite yo pou antre lekòl epi travay pou yo gen yon diplòm jiska fen ane lekòl kote yo gen 21 an an.

**Règleman Chanselye yo:** Yon ansanm règleman ki ekri pou lekòl NYCDOE yo ki gen rapò ak elèv, fanmi, pèsònèl lekòl ak operasyon lekòl yo.

**Timoun yo Jwenn:** Aktivite kontini ki antreprann pa distri lekòl lokal ak lekòl eta yo pou lokalize, idantifye epi evalye tout timoun k ap viv nan vil la ke yo sispèk ki gen enfimite pou yo ka rann disponib yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education) pou tout timoun ki elijib yo, ki enkli tout timoun ki nan lekòl piblik, lekòl prive ak lekòl pawasyal yo.

**Gwosè Klas la:** Kantite elèv maksimòm ki otorize nan sèvis ki rekòmande ak/oswa klas yo. Sa endike nan IEP a.

**Klasifikasyon:** Yo pran tèm sa nan lwa Eta New York epi li refere a kalite enfimite yo.

**Obsèvasyon Saldeklas la:** Pwosesis obsève yon elèv pandan jounen lekòl nan saldeklas ak lòt etablisman lekòl yo pou wè kijan aprantisaj la fèt epi ki konpòtman ki afiche.

**Klinisyen:** Yon lòt tèm ki itilize pou yon pwofesyonèl evalyasyon Ministè Edikasyon an, takou yon psikològ yon lekòl oswa yon travayè sosyal yon lekòl.

**Règleman Komisyone a:** Direktiv Ministè Edikasyon Eta ki baze sou lwa edikasyon Federal ak Eta a ki presize, pami lòt bagay, etap distri lekòl yo dwe swiv nan rekòmandasyon edikasyon espesyal, evalyasyon ak pwosesis plasman.

**Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE: Committee on Special Education):** Komite sou Edikasyon Espesyal la (CSE: Committee on Special Education) ke nou te fè referans a li deja kòm Ekip IEP a, se yon komite konplè oswa yon soukomite manm ki pataje enfòmasyon epi ki travay ansanm pou detèmine si pitit ou gen yon enfimite epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal, epi si li bezwen, ki sèvis ki apwopriye. Si CSE ki baze sou evalyasyon an(yo) detèmine ke pitit ou gen yon enfimite epi ke sèvis edikasyon espesyal yo nesèsè, y ap devlope yon IEP nan rankont CSE a. Manm CSE yo enkli, men yo pa limite a sa: pwofesè edikasyon espesyal, pwofesè edikasyon espesyal, psikològ lekòl la, travayè sosyal, reprezantan distri a, oumenm, paran an, ak pitit ou a.

CSE ki baze nan lekòl yo responsab tout elèv ki gen 5 a 21 an ki nan lekòl piblik. CSE distri yo repsonsab tout elèv 5 a 21 an ki nan yon lekòl nan limit jewografik distri a ki se yon lekòl prive; lekòl pawasyal, lekòl charter; oswa yon lekòl ki pa bilik Eta a apwouve.



CSE distri yo responsab elèv ki rete nan limit jewografik distri a tou ki desèvi pa biwo Komite sou Edikasyon Espesyal la (Committee on Special Education) epi ki se:

- Elèv ki nan lekòl ki pa lekòl piblik d ki pa nan Vil New York ak Eta New York;
- Elèv ki resevwa enstriksyon adomisil oswa nan lopital antanke plasman yo nan IEP yo a (tanpri pran nòt ke sa pa enkli elèv ki nan enstriksyon adomisil tanporè, paske yo atann ke elèv sa yo retounen nan lekòl yo);
- Elèv ki te lekòl adomisil; ak
- Elèv ki pa ale lekòl.

### Nòm Aprantisaj Debaz Komen (Common Core Learning Standards):

Nòm Aprantisaj Debaz Komen (Common Core Learning Standards) bay yon imaj klè de kisa elèv yo bezwen aprann chak ane pou yo prè pou yo reyisi lè yo gradye soti nan lekòl segondè pou antre nan inivèsite ak nan karyè yo. Pou w aprann plis konsènan Nòm Aprantisaj Debaz Komen (Common Core Learning Standards), ale sou <http://schools.nyc.gov/Academics/CommonCoreLibrary/About/default.htm>

**Konfidansyalite:** Obligasyon Ministè Edikasyon an pou kenbe dosye edikasyon espesyal elèv la nan yon fason kiasire ke se sèlman pèsonèl ki apwopriye ki gen aksè a IEP ak dosye elèv la.

**Konsantman:** Konsantman an dwe "enfòmè," ki egzije plis ke jwenn yon siyati nan men paran an. Yo swiv etap sa yo pou jwenn konsantman enfòmè a:

- Ou dwe enfòmè konplètman, nan lang prefere w oswa lòt mwayen komunikasyon, tout enfòmasyon ki gen rapò ak aktivite yo solisite konsantman pou li a. Epi tou; yo dwe avize w de dosye pitit ou y ap devwale a epi a kilès y ap devwale l. Sa enki pou yo ba ou enfòmasyon sou ki tès k ap fèt, si genyen, epi ki kote tès la ap fèt;
- Ou dwe konprann epi dakò pa ekri a aktivite yo te solisite konsantman pou li a; epi
- Yo dwe mete w okouran ke konsantman bò kote pa w la volontè epi li ka anile nenpòt kilè. Men, si ou anile konsantman an, konprann ke ou pa anilasyon an pa retwoaktif, ki vle di ke li pa anile yon aksyon ki te fèt apre ou te bay konsantman an epi anvan konsantman an te anile a.

**Kontinwoum:** Seri sèvis edikasyon nan Ministè Edikasyon an pou soutni edikasyon timoun ki gen enfimite nan anvivònman ki gen mwens restriksyon an.

**Lang ki Kouvri:** "Lang ki Kouvri" yo fè referans a tout lang ki pi komen ki pa Anglè ki itilize pa DOE a, elèv ak paran yo. Aktyèlman, DEO a te idantifye nèf lang ki kouvri ki, ansanm ak Anglè, se lang prensipal ki itilize pa plis ke 95% elèv DEO yo ak paran yo. Lang sa yo se: Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Wis, Panyòl ak Oudou.

**Dosye CSE Distri oswa Fichye CSE Distri:** Tout rekòmandasyon evalyasyon ak materyèl plasman elèv yo ki enkli avi pwosedi regilye yo, IEP yo ak rapò lekòl yo.

**Soud-Avèg:** Yon elèv ki gen pwoblèm tande ak pwoblèm vizyon, konbinyasyon ki lakoz bezwen komunikasyon ak lòt bezwen devlopman ak edikatif grav ki pa ka akomode nan pwogram edikasyon espesyal ki pou elèv ki soud oswa pou elèv ki avèg sèlman.

**Soud:** Yon elèv ki gen yon pwoblèm tande ki tèmman grav ke elèv lè gen pwoblèm nan trètman enfòmasyon lengwistik atravè ekout, avèk oswa san anplifikasyon, ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la.

**Deklasifikasyon:** Yon detèminasyon ki baze nan lekòl oswa nan CSE distri a ke yon elèv pa bezwen sèvis edikasyon espesyal ankò.

**Sèvis Sipò pou Deklasifikasyon:** Sèvis sipòte yon elèv ki desètifye pou retounen tranzisyon an nan klas edikasyon jeneral ki pa gen sèvis edikasyon espesyal. Yo ka bay sèvis deklasifikasyon yo pandan plis pase en an apati dat desètifikasyon an epi li ka enkli sipò edikatif ak modifikasyon, sèvis atikilasyon ak langaj, sèvis oryantasyon, elatriye.

**Plasman Difere:** Pandan rankont CSE a, diskisyon an ap enkli yon desizyon pou konnen si sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande a ta dwe kòmanse imedyatman oswa non. Li ka pa nan pi bon enterè yon elèv pou enplemante sèvis edikasyon espesyal ki rekòmande a imedyatman. Yo konsidere sa kòm yon plasman "difere" et li egzije yon konsantman nan men paran an.

**Sekirite Jiridik:** Pwovizyon legal ki garanti e ki pwoteje dwa paran, elèv ak Ministè a pandan pwosesis rekòmandasyon, evalyasyon ak plasman an.

**Plent Sekirite Jiridik:** Yo rele tou yon Demand pou yon Odyans San Patipri, sa se yon plent ekri ki depoze pa yon paran oswa yon distri eskolè ki enplike tout kesyon ki lye ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif oswa pwovizyon yon edikasyon piblik gratis, apwopriye, a yon elèv ki gen enfimite. Sa ka debouche sou yon Odyans San Patipri.

### Odyans Sekirite Jiridik (Odyans San Pati Pri):

Yon pwosedi legal devan yon Ofisye Odyans San Pati Pri ki pa yon anplwaye Ministè Edikasyon Vil New York. Paran ak distri lekòl a prezante agiman, temwen, si genyen, ak prèv.

**Twoub Emosyonèl:** Yon elèv ki afiche youn oswa plis nan karakteristik sa yo sou yon peryòd tan ki long a yon degre make ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la:

- Yon enkapasite pou aprann ke faktè entelektiyèl, faktè sanzitif oswa faktè sante yo pa ka eksplike;
- Yon enkapasite pou konstwi oswa kenbe relasyon entè-pèsonèl ki satisfèzan ak kamarad ak pwofesè yo;
- Kalite konpòtman oswa sansasyon ki pa apwopriye nan sikonstans nòmal;
- Yon imè chagren oswa depresyon jeneralman; oswa
- Yon tandans pou devlope sentòm fizik oswa pè ki asosye ak pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm lekòl.

**Elèv k Ap Aprann Lang Anglè (ELL: English Language Learner):** Yon elèv ki pale yon lang ki pa Anglè lakay li epi ki fè nòt ki pi ba ke nivo pèfòmans an Anglè eta a dezinye a pou swa NYSITELL ak/oswa NYSESLAT la.

**Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL: English as a Second Language)** Yo bay Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL: English as a Second Language) a ELL yo pou ede yo aprann Anglè epi reyisi nan tout matyè, tankou lang, matematik ak syans. Selon bezwen pitit ou a, y ap bay ESL la kòm yon kou separe oswa yo ka bay li pa ansèyman ESL ki antre nan sijè yon klas pou soutni pitit ou a.

Soutyen nan lang natal disponib pou ede elèv yo akselere konpreyansyon yo nan matyè yo. Èd nan lang natal la sipòte pa aktivite tankou ankouraje elèv yo diskite sijè ak kamarad yo nan lang natal la, ki pèmèt elèv yo itilize lang natal la pou ekri eksplikasyon oswa sa yo konprann, epi founi liv, libreri, diksyonè, materyèl referans ak resous teknolojik nan lang natal la pou elèv yo itilize nan sal klas la.

**Rezime Sòti:** Lekòl la dwe founi yon rezime anvan sòti elèv ke elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal la fini akòz gradyasyon nan lekòl segondè ak yon diplòm regilye oswa akòz li vin gen 21 an. Etidyan ki pran yon Sètifika Gradyasyon nan Etid Devlopman Karyè ak Pwofesyonèl (CDOS: Career Development and Occupational Students) kòm inik sètifika sòti yo, oswa yon Sètifika Gradyasyon Sètifika Gradyasyon pou Pèfòmans ak Akonplisman anvan asirans ekri ke li kontinye elijib pou ale lekòl nan ane lekòl kote li gen 21 an an jiskaskè li resevwa yon diplòm Regents oswa yon diplòm lekòl segondè lokal.

**Pwogramasyon Fleksib:** Pwogram fleksib vle di ke yon elèv resevwa tout konbinyasyon sèvis ak pwogram edikasyon espesyal ki disponib sou kontinyoum konplè sa ki ka ofri a. Sèvis ak pwogram ki sou IEP yon elèv pa oblije menm bagay la pou tout jounen an. Olye sa, lè yo itilize pwogram ki fleksib, yon elèv resevwa nivo soutyen egzak ki apwopriye pou chak matyè. Pwogram fleksib enplike reponn a bezwen chak elèv nan anvivonman ki gen mwens restriksyon ki apwopriye a. Lè yo itilize pwogram fleksib nan fason ki efikas, lekòl yo devlope modèl dispansasyon sèvis edikasyon espesyal ki inik a chak elèv epi konsantre yo sou ogmantasyon aksè a pwogram edikasyon jeneral la. Li enpòtan pou sonje ke bezwen elèv yo dwe koresponn ak sèvis ki bay la. Seri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo dekri anba a epi yo fè pati Sistèm Prestasyon Sèvis Inifye a (Unified Service Delivery System).

**Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education):** Sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ke yo bay sou frè piblik, sou sipèvizyon piblik ak direksyon an epi san frè pou paran an.

**Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl (FBA: Functional Behavioral Assessment):**

Yon pwosesis pou rezoud pwoblèm pou trete pwoblèm konpòtman elèv yo. FBA apiye sou divès kalite teknik ak estrateji pou idantifye rezon pou yon konpòtman espesyal epi pou ede CSE ki baze nan lekòl oswa CSE distri yo chwazi entèvansyon ki trete pwoblèm konpòtman dirèkteman.

**Pwogram Edikasyon Jeneral:** Ansanm konesans ak seri konpetans ke yo atann pou tout elèv, ikonpri elèv ki gen enfimite, metrizè.

**Pwoblèm Tande:** Yon pwoblèm nan ekout, ke li pèmanan oswa li balanse, ki afekte nan fason ki negativ pèfòmans edikatif elèv la men ki pa antre nan definisyon Soud.

**Sèvis Sante** Yon kalite sèvis ki lye yo bay a elèv yo ke yo idantifye ki genyen bezwen medikal ak/ oswa bezwen sante ki bezwen èd yon enfimye oswa yon parapwofesyonèl sante pandan jounen lekòl la. Egzanp sèvis sa ka se alimantasyon, anbilans, aspirasyon oswa katetèrizasyon.

**Diplòm Lekòl Segondè** Yon sètifika yo atrivye pou montre ke elèv la te konplete kou ak egzamen obligatwa yo ak siksè pou li gradye nan lekòl segondè.

**Enstriksyon Adomisil:** Enstriksyon adomisil la ka rekòmande pa CSE ki baze nan lekòl la oswa CSE distri ki konsène a pou elèv ki gen enfimite ki gen yon maladi medikal oswa psikolojik ki anpeche elèv la ale nan yon etablisman piblik oswa yon etablisman prive pou yon peryòd tan ki pwolonje (sètadi, yon ane oswa plis).

**Ankèt Idantifikasyon Lang Adomisil (HLIS: Home Language Identification Survey):** Yon kesyonè paran pou detèmine si gen yon lang ki pa Anglè ki pale kay elèv la oswa non. Kopi nan senkant lang, Ki enkli Anglè, disponib pou telechaje la <http://schools.nyc.gov/Academics/ELL/FamilyResources/Parent+Information.htm>

**Enstriksyon nan Lopital** Yon sèvis edikatif yo bay sou yon baz tanporè a elèv ki entènè pou pwoblèm medikal ki anpeche yo ale lekòl.

**Evalyasyon Endepandan:** Yon evalyasyon ki fèt pa yon moun ki pa anlwaye pa Ministè Edikasyon an. Ministè Edikasyon an peye evalyasyon sa sèlman si yon Ofisye Odyans San Pati Pri te detèmine evalyasyon Ministè Edikasyon an pa apwopriye oswa DOE a dakò pou peye yon evalyasyon endepandan. Se pa menm bagay ak yon evalyasyon ke yon paran peye li menm oswa atravè yon asirans ("evalyasyon prive").

**Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon Moun ki gen Enfimite (IDEIA: Individuals with Disabilities Education Improvement Act):** Yon lwa Federal ki bay elèv ki gen enfimite dwa pou yo resevwa yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (FAPE: Free Appropriate Public Education) nan anviwònman ki gen mwens restriksyon apati de laj 3 zan pou rive nan ane elèv la gen 21 an oswa gradye ak yon diplòm lekòl segondè.

**Kad Edikasyon Altènatif Pwovizwa (IAES: Interim Alternative Educational Setting):** Yon etablisman ki pa plasman aktyèl elèv la ki pèmèt elèv la kontinye resevwa sèvis edikasyon espesyal yo.

**Intèprèt/Tradiktè:** Yon moun ki pale lang/mwayen komunikasyon prefere paran an oswa lang timoun nan epi ki entèprete rankont yo pou paran an ak/ oswa evalyasyon yo pou elèv la.

**Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon (LRE: Least Restrictive Environment):** "Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon" vle di ke plasman elèv ki gen enfimite yo nan klas espesyal, lekòl separe oswa lòt lokal nan anviwònman edikatif regilye fèt sèlman lè nati oswa gravite enfimite a tèlman grav

ke menm ak itilizasyon èd ak sèvis siplemantè, edikasyon an pa ka reyalize nan fason ki satisfèzan. Pou chak yo bay anviwònman ki gen mwens restriksyon a chak elèv endividyèl, elèv yo ka resevwa pwogram fleksib pou nivo sèvis la ka koresponn ak bezwen elèv la pou matyè sa. Lè yo fè sa, yo ka rekòmande kèk sèvis ak pwogram a tan pasyèl.

**Mobilite Limite:** Elèv ki gen pwoblèm mobilite espesyal, ke se fizik oswa sanzitif, ke konsepsyon batiman an ka poze pwoblèm pou yo e ke yo dwe ofri yo aksè a pwogram, nan limit lalwa egzije li la.

**Bezwen Jesyon:** Kantite sipèvizyon adilt ak tout modifikasyon anviwònmanal ki nesèsè pou reponn a bezwen yon elèv. Sa dwe endike nan IEP a.

**Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR: Manifestation Determination Review):** Lè yo retire yon elèv ki gen enfimite nan plasman edikatif li (swa akòz sispansyon oswa ranvwa pwofesè a(yo) pou (i) plis pase 10 jou lekòl nan yon ranje, oswa (ii) yon ranvwa ke, lè yo kimile li, debouche sou yon total ranvwa ki plis pase 10 jou nan yon ane lekòl kote ranvwa a konstitye yon motif, elèv la gen dwa a yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR: Manifestation Determination Review). Ekip MDR la konsidere tout enfòmasyon ki gen rapò nan fichye elèv la, epi debouche sou yon desizyon pou konnen si kondwit an kesyon an (i) se enfimite elèv la ki te lakoz li oswa si li gen relasyon enpòtan ak enfimite elèv la oswa non (ii) se akòz lekòl la pat enpleman Pwogram Edikasyon Endividyalze (IEP: Individualized Education Program) elèv la. Si ekip MDR la detèmine ke okenn nan rezilta posib ki anwo a pa aplikab, yo pa ka sispann oswa retire elèv la nan plasman li a (e si yo te retire li deja, li dwe retounen nan plasman li) sof nan sikonstans ki limite. Plis enfòmasyon sou pwosesis Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR: Manifestation Determination Review) a disponib nan <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Classroom/behavior/disciplinary-action.htm> ak nan paj 202 Mezi Pwosediral Ministè Edikasyon Eta New York pou Elèv ki gen Enfimite ki Sijè a Disiplin yo <http://www.p12.nysed.gov/specialed/lawsregs/Part201-Dec2010.pdf>.

**Matwòn:** Yon moun ki ede elèv nan bis edikasyon espesyal yo lè y ap mennen yo ale epi tounen nan lekòl.

**Medyasyon:** Yon pwosesis konfidansyèl, volontè ki pèmèt pati yo rezoud dispit yo san yon pwosesis odyans sekirite jiridik fòmèl. Yon medyatè san pati pri ede pati yo eksprime pwendvi ak pozisyon yo

epi pou konprann pwendvi ak pozisyon lòt la. Wòl medyatè a se pou fasilite diskisyon an epi ede pati yo jwenn yon akò, pa pou rekòmande solisyon oswa pran pozisyon oswa pati. Si pati yo jwenn yon akò, akò sa sele epi yo pa ka fè apèl kont li.

**Egzamen Medikal:** Rapò yon doktè sou kondisyon fizik ak medikal yon elèv ki pran an konsiderasyon pandan rankont CSE a.

**Modifikasyon:** Dekri yon chanjman nan Pwogram nan. Alòske aranjman yo se chanjman nan fòm oswa pwosedi ki pèmèt elèv yo patisipe fasilman olye yo limite pa enfimite, modifikasyon yo se chanjman ki pi vas nan toulede nivo difikilte ak/ oswa kontite kontni. Modifikasyon yo fèt pou elèv ki gen enfimite ki pa ka konprann tout kontni sa yon pwofesè ap ansenye. Pa egzanp, yo ta dwe diminye devwa yo an kantite epi modifiye yo anpil pou yon elèv klas elemantè ki gen defisyans pou aprann ki limite kapasite li pou konprann kontni klas edikasyon jeneral yo fè pati a.

**Evalyasyon Miltidisciplinè:** Evalyasyon konplè elèv yo pa yon ekip evalyasyon pou detèmine si elèv la andikape epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal. Yo rele sa tou yon Evalyasyon Miltidisciplinè.

**Evalyasyon Newolojik:** Yon evalyasyon espesyalize ki fèt pa yon newològ pou detèmine si elèv la afekte siy yon disfonksyonman serebral ki ka afekte aprantisaj li.

**Tès Konpetans Anglè kòm Dezyèm Lang Eta New York (NYSESLAT: New York State English as a Second Language Achievement Test):** Elèv k ap aprann Anglè yo (ELL: English Language Learners) pran NYSESLAT la nan matènèl rive nan 12yèm ane. Y ap kontinye resevwa ESL ak sèvis bileng jiskaske pwen NYSESLAT yo endike ke yo gen yon nivo pefòmans an Anglè e yo pa bezwen lòt sipò ankò.

**Tès Idantifikasyon pou Elèv k Ap Aprann Anglè Eta New York (NYSITELL: New York State Identification Test for English Language Learners):** Yon tès yo bay pou detèmine nivo pefòmans an Anglè yon elèv et bezwen li pou sèvis edikatif bileng/ESL. Pou plis enfòmasyon sou NYSESLAT, ki enkli enstriksyon pou fè kòmand materyèl yo, klike [www.p12.nysed.gov/assessment/nysitell](http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysitell). Pou yon entwodiksyon ak apèsi gid ki enkli espesyalasyon sou tès, kalite kesyon, konpetans lang yo teste ak ribrik ekri ak pale yo, klike isit la. Pou kesyon, kontakte kontak rezo evalyasyon ou a. Pou kesyon konsènan

sesyon fòmasyon yo, kontakte Chèf ELL CPS ou a <http://schools.nyc.gov/NR/rdonyres/3E8548AB-3824-4328-91CE-18F2399599BA/0/SeniorELLComplianceandPerformanceSpecialistApril2014.pdf>

**Lekòl ki Pa Piblik ki Apwouve pa Eta New York:** Yon lekòl ki founi yon pwogram edikasyon espesyal ki finanse pa leta epi ki pa fè pati Ministè Edikasyon Vil New York la.

**Moun ki pa Andikape:** Yon elèv ki pa klase kòm moun ki gen yon enfimite epi ki pa resevwa sèvis edikasyon espesyal.

**Avi Elijiblite Lekòl ki pa Piblik (P1-R):** Lè yo te ofri on Avi Ekri Davans (ke yo rekonèt fòmèlman kòm Avi Rekòmandasyon Final pou) pou yon kou espesyal a yon elèv sou 60yèm jou lekòl la oswa anvan apati dat konsantman pou rekòmandasyon inisyal la oswa apati 60yèm jou lekòl li resevwa rekòmandasyon pou elèv ki te idantifye anvan yo, Ministè a oblije bay paran yo yon lèt (P1-R) sou 60yèm jou ki bay elèv la dwa pou plasman nan yon lekòl ki pa piblik Eta a apwouve sou frè leta.

Men si, gen reta paran ki dokimante (pa egzanp, paran an refize bay konsantman pou evalyasyon inisyal yo, elèv la demenaje kite Vil New York, direktè a ak paran an dakò pou anile rekòmandasyon an, pati ki fè rekòmandasyon an anile rekòmandasyon an oswa paran an solisite yon evalyasyon endepandan ki fini apre delè konfòmite a), Ministè a ka evite voye P1-R la bay paran an pou yon peryòd ki depase 60 jou lekòl orijinal ki egal a peryòd delè konsiderab paran ki te atribye a.

**Avi Rekòmandasyon:** Yon lèt yo voye bay paran yo nan lang prefere yo, si se pa nan youn nan lang ki kouvri jan DOE a defini li a, pa pi ta ke 5 jou apre resepsyon yon rekòmandasyon.

**Biwo Enskripsyon Elèv (OSE: Office of Student Enrollment):** Santral Biwo Enskripsyon Elèv (OSE: Office of Student Enrollment) la fasilite plasman elèv, enskripsyon, rapatisyon zòn ak chwa pwogram sou yon baz rejyonal nan nivo tout klas yo.

**Lèt Sèvis Sipò** Sèvis ki lye yo bay a elèv ki bezwen èd pou devlopman oswa èd korektif pou yo ka kenbe yo nan pwogram edikatif aktyèl yo a.

**Parapwofesyonèl:** Yon moun ki bay èd (pa egzanp, jesyon konpòtman, sèvis sante, sèvis transpò oswa sèvis twalèt, sèvis atant plasman,



sèvis plasman altènatif, oswa entèpretasyon langaj siy) swa a tout klas la oswa a yon moun oswa yon gwoup elèv.

**Manm Parantal:** Yon paran yon timoun ki gen yon enfimite nan distri lekòl la ki patisipe nan rankont CSE epi ki ede yon paran yon timoun yo rekonèt oswa yo sispèk ki gen enfimite, pran desizyon edikatif pou pitit li a. Paran yo gen dwa mande patisipasyon Manm Parantal la nan rankont CSE yo.

**Nan Enstans:** Lè yon pati mande yon Odyans San Patipri oswa patisipe nan medyasyon, nan enstans, yon pwovizyon "stay-put", pèmèt elèv la rete nan plasman yo te "dakò an dènye sou li a" jiskaske pwosesis Odyans San Patipri a (ki enkli tout apèl) fini, amwenke paran ak CSE ki baze nan lekòl la oswa CSE distri a dakò pa ekri a yon altènativ.

**Moun ki nan Relasyon Parantal:** Yon moun ki nan relasyon parantal pou timoun nan, jan li defini nan Lalwa Edikasyon New York la, ki enkli yon papa oswa yon manman (pa nesans oswa adopsyon), yon bòpè, yon bèlmè, yon responsab oswa yon gadyen legal. Yon gadyen se yon moun ki asime chaj ak swen yon timoun akòz paran oswa responsab yo te mouri, te anprizone, malad mantalman, te angaje a yon enstitisyon, oswa te abandone oswa delese timoun nan oswa ap viv lwen eta a oswa kote yo se enkonni.

Konfòmman ak Tit 15-A Lwa Obligasyon Jeneral la ki otorize paran yo dezinye volontèman yon lòt moun pou pran desizyon pou pitit yo, yon moun ka dezinye antanke yon moun ki nan relasyon parantal. Dezinyasyon an dwe fèt alekri epi li pa ka pou plis ke si mwa alafwa. Si dezinyasyon an pou plis pase 30 jou, li dwe notarize epi siyen pa moun yo dezinye a ansanm ak paran an.

CSD ki baze nan lekòl la oswa CSE distri a rele Moun k ap aji nan relasyon parantal la pou enplikasyon ak konsiltasyon pandan pwosesis edikasyon espesyal la. Si paran nesans yo retounen nan lavi elèv la nenpòt lè epi yo asime responsablite parantal yo, CSE ki baze nan lekòl la oswa CSE distri a enplike yo nan pwosesis priz desizyon an epi li pa rekonèt lòt relasyon parantal ki te egziste anvan retou paran an.

**Lang Prefere:** Lang yon paran santi li pi konfòtab pou pale a. Se ka oswa se ka pa lang li pale regilyèman lakay la.

**Avi Ekri Davans:** Deklarasyon ekri ki soti nan distri lekòl la ki enfòmè paran yo de rekòmandasyon ki gen rapò ak kòmansman oswa chanjman nan idantifikasyon, evalyasyon plasman edikatif elèv la oswa pwovizyon yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (FAPE: free appropriate public education) a elèv la.

**Evalyasyon Sikyatrik:** Yon evalyasyon espesyalize ke yon sikyat fè pou detèminine kapasite yon elèv pou fè lyen ak anviwònman an ak nivo pwoblèm emosyonèl yo entèfere nan aprantisaj la.

**Evalyasyon Psikolojik:** Yon evalyasyon yon psikològ ki gen lisans fè pou mezire fòs ak feblès yon elèv nan kapasite aprantisaj jeneral li epi kijan li fè lyen ak lòt timoun ak adilt.

**Rekòmandasyon:** Yon detèminasyon pwovizyon sèvis edikasyon espesyal ki fèt nan yon rankont CSE.

**Re-evalyasyon:** Evalyasyon yo mete ajou pou yon elèv ki gen enfimite. Yon demand pou sa ka fèt pa pwofesè elèv la, paran oswa distri lekòl la. Anplis, yo dwe re-evalye elèv ki gen enfimite yo yon fwa chak twa zan, sof lè distri a ak paran an dakò alekri ke re-evalyasyon an pa nesèsè. Yon re-evalyasyon pa ka fèt plis ke yon fwa pa ane amwenke lekòl la ak paran an dakò.

**Rekòmandasyon:** Yon rekòmandasyon kòmmanse pwosesis evalyasyon ak plasman an pou detèmine si elèv la gen yon enfimite epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal.

**Edikasyon Regilye:** Wè Pwogram Edikasyon Jeneral.

**Sèvis ki Asosye** Sèvis yo ka bay a elèv edikasyon espesyal yo pou ede soutni epi apresye patisipasyon yo nan pwogram lekòl yo a. Sèvis sa yyo dwe rekòmande sou IEP a epi yo bay yo swa nan fason endividyèl oswa an gwoup ki pa plis ke senk. Sèvis ki enkli: oryantasyon, sèvis sante nan lekòl, sèvis edikasyon ekout, terapi okipasyonèl, terapi fizik, òtòfoni/terapi langaj, sèvis edikasyon vizyèl, sèvis oryantasyon ak mobilite ak "lòt sèvis sipò".

**Otorizasyon pou Sèvis ki Asosye yo (RSA: Related Services Authorization):** Yon RSA se yon lèt otorizasyon yo bay a paran yo ki pèmèt yo jwenn sèvis yon prestatè endepandan sèvis espesyal ki lye yo ki pa nan Ministè Edikasyon an

sou chaj Ministè Edikasyon an lè Ministè Edikasyon an pat ka bay sèvis sa yo pou elèv la nan delè ki nesèsè yo

**Revizyon ki Solisite:** Yon rankont CSE pou revize IEP timoun nan pou detèmine si li kontinye reponn a bezwen li. Revizyon sa ka solisite nenpòt lè pa yon paran, yon pwofesè oswa lòt manm pèsonèl lekòl la.

**Repons a Entèvansyon (Rtl: Response to Intervention):** Yon apwoch edikatif ak yon zouti prevantif lekòl yo itilize pou asire yo ke elèv yo gen menm aksè a enstriksyon wo nivo, ki solid ki koresponn ak bezwen yo.

**Sesyon Rezolisyon:** Yon rankont obligatwa ke distri lekòl la dwe konvoke 15 jou apre li resevwa plent sekirite jiridik paran an. Sesyon rezolisyon an enkli paran yo, manm CSE ki baze nan lekòl la oswa CSE distri ki gen rapò ak plent la ak yon reprezantan distri lekòl ki gen otorite pou pran desizyon an.

**Filè Sekirite:** Opsyon sa pèmèt elèv ki gen enfimite yo genyen yon Diplòm Lokal lè li ranpli kondisyon egzamen altènatif yo. Elèv ki gen IEP ak elèv ki gen enfimite ki te deklafye nan klas 8-12 ane ke dènye IEP yo te espesifye Filè Sekirite yo kalifye pou opsyon sa. Elèv sa yo ka gradye lè yo fè pwen ki pi piti nan egzamen Regents oswa lè yo pase lòt egzamen jan li dekri la a: <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm>.

**Objektif Akoutèm:** Etap presi y ap swiv pou elèv la ka atenn objektif anyèl li yo. Yo bay direksyon a pwofesè oswa prestatè a sou kijan pou l atenn objektif anyèl la epi kijan pou l mezire pwogrè elèv la pou l atenn objektif la. Objektif akoutèm sa yo ekri pa CSE ki baze nan lekòl oswa CSE distri a epi yo endike nan IEP elèv la *sèlman* lè elèv la patisipe nan evalyasyon altènatif la.

**Sètifika Gradyasyon pou Pèfòmans ak Akonplisman:** Sètifika gradyasyon ki pa diplòm sa disponib a elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon altènatif (NYSAA) a epi ki te ale lekòl pandan omwen 12 lane, ki pa enkli matènèl. Li dwe akonpanye pa dokiman pèfòmans, fòs ak nivo endepandans nan devlopman akademik, devlopman karyè elèv la, ak konpetans debaz ki nesèsè pou lavi apre lekòl, aprantisaj ak travay. Pou elèv ki gen pi piti pase 21 an, yo dwe bay sètifika a ak yon asirans ekri ke elèv la kontinye kalifye pou ale lekòl epi travay pou l genyen yon diplòm jiska fen ane lekòl elèv la gen 21 ane a.

**Antesedan Sosyal:** Yon entèvyou ak paran yo konsènan antesedan sante, antesedan famiyal ak antesedan akademik yon elèv, ki enkli relasyon sosyal, ke yo itilize nan kad evalyasyon yon elèv.

**Klas Espesyal:** Sèvis Klas Espesyal se sèvis yo bay pou timoun ki gen enfimite nan yon saldeklasotònòm. Yo sèvi timoun ke yo pa ka reponn a bezwen yo nan sal edikasyon jeneral, menm ak itilizasyon èd ak sèvis siplemantè. Nan klas espesyal otònòm yo, yo dwe gwoupe elèv yo pa bezwen edikatif ki sanble yo. Klas yo ka gen elèv ki gen menm enfimite oswa ki gen enfimite ki diferan depi yo gen menm nivo karakteristik akademik ak aprantisaj, nivo devlopman sosyal, nivo devlopman fizik ak bezwen jesyon.

Klas espesyal yo ofri diferan entansite dotasyon ki depann de bezwen akademik ak/oswa bezwen jesyon pitit ou a.

**Enstriksyon Espesyal:** Fason pwofesyonèl edikasyon espesyal yo adapte kontni, metodoloji (apwoch pou ansenye kèk nivo kontni klas), oswa dispansyon ansèyman an pou reponn a bezwen inik ki se rezilta enfimite timoun nan. Enstriksyon espesyal la ta dwe asire ke timoun ki kalifye a jwenn aksè tou pwogram jeneral la pou l ka reponn a kondisyon edikatif distri lekòl ki aplike pou tout timoun.

**Twoub Lapawòl oswa Twoub nan Langaj:** Yon elèv ki gen yon pwoblèm kominikasyon tankou bege, pwoblèm atikilasyon, oswa yon twoub nan langaj oswa yon twoub nan vwa ki afekte nan fason ki negatif pèfòmans edikatif elèv la.

**Paran Ranplasman:** Pou asire dwa elèv yo pwoteje, nan sikonstanssa yo, Ministè a ka nonmen yon moun kòm "paran ranplasman" pou aji nan plas paran oswa responsab yo:

- Yo pa ka idantifye okenn paran;
- Apre efò ki rezonab, Ministè a pa ka dekouvi lokasyon paran an;
- Elèv la se yon jèn sanzabri ki pa akonpanye jan Lwa sou Sanzabri McKinney-Vento (McKinney-Vento Homeless Act) a defini li a;
- Elèv la sou titèl Eta a epi li pa gen yon paran ki reponn a definisyon paran. Yon timoun ki sou Titèl Eta a se yon timoun oswa yon jèn ki gen pi piti ke 21 an ke yo te plase oswa yo te ranvwaye atravè yon pwosedi delenkans jivenil, PINS oswa pwoteksyon timoun; sou chaj Komisè Sèvis Sosyal (Commissioner of Social Services) la oswa Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Children and Family Services); oswa se yon timoun endijan ke yo pat pran swen l lakay li.

Paran ranplasman yo se pa ofisye, anplwaye oswa ajan Ministè Edikasyon oswa Ministè Edikasyon Eta a oswa nenpòt lòt ajans ki enplike nan edikasyon oswa swen yon elèv.

**Sèvis tranzisyon:** Yon ansanm aktivite ki kowòdone ki:

- Amelyore pèfòmans akademik ak fonksyonèl elèv la pou fasilite mouvman elèv soti nan aktivite nan lekòl la rive nan aktivite apre lekòl tankou edikasyon apre segondè, fòmasyon pwofesyonèl, travay entegre (ki enkli travay asiste), fòmasyon kontini ak fòmasyon adilt, sèvis pou adilt, otonomi oswa patisipasyon kominotè;
- Ki baze sou bezwen endividyèl elèv la ki konsidere fòs, preferans ak entèrè li, epi ki enkli enstriksyon, sèvis ki asosye, eksperyans kominotè, devlopman objektif travay ak lòt objektif pou lavi adilt apre lekòl ak, lè li apwopriye, akizisyon pèfòmans lavi kotidyen ak evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl.

**Sèvis Sipò pou Tranzisyon:** Yo ka founi sèvis sipò pou tranzisyon tankou konsiltasyon ak/oswa fòmasyon a pèsonèl (jeneralman pou 30 jou) k ap travay ak timoun ki gen enfimite yo lè y ap deplase ale nan etablisman ki gen mwens restriksyon. Byenke Yo bay sèvis sipò pou tranzisyon a pwofesè, benefis la pwolonje a timoun ki gen yon enfimite.

**Fòmasyon pou Deplasman:** Yon sèvis ki anseye elèv ki nan laj pou lekòl segondè yo pou deplase soti epi pou ale lekòl yo oswa pou soti epi pou ale

nan kote yo etidye a san danje epi nan fason ki endepandan.

**Sèvis Douz Mwa Ane Lekòl**

*(yo rele tou sèvis ane lekòl pwolonje):* Yo founi Sèvis Douz Mwa Ane Lekòl a elèv ki gen enfimite grav ki bezwen kontinwite nan edikasyon pou evite regresyon ki enpòtan nan nivo devlopman yo pandan mwa jiyè ak out. Sa dwe rekòmande pa CSE lekòl la oswa CSE distri a epi endike sou IEP a. Paran yo dwe konsanti pou pwolonje sèvis ane lekòl yo.

**Vizite Yon Klas:** Paran yo ka vizite lekòl kote pitit yo resevwa sèvis edikasyon espesyal la. Yo ka montre paran yo yon klas ki se yon egzanp pwogram yo rekòmande pou elèv la resevwa a.

**Evalyasyon Pwofesyonèl:** Elèv ki gen 12 an ak sa yo rekòmande nan edikasyon espesyal premye fwa ki gen 12 an epi plis yo resevwa yon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo 1 ki enkli yon revizyon dosye lekòl, evalyasyon pwofesè ak entèvyou paran ak elèv la pou detèmine konpetans pwofesyonèl, aptitud ak enterè yo. Yo mete ajou Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo 1 an nan chak rankont IEP anyèl. Ekip la konsantre sou pwogram edikatif elèv la, epi alinye l ak rezilta apre segondè ki posib lè yo ekspòze karyè, preparasyon pou inivèsite, sitiyasyon lavi ak soutyen elèv la ap bezwen apre lekòl segondè.

**Travay-Etid:** Opòtinite pou elèv segondè yo patisipe nan eksperyans travay, edikatif, pwofesyonèl nan preparasyon pou mond adilt la.

## Enfòmasyon Kontak Ministè Edikasyon Vil New York pou Biwo Konsèy Edikasyon Espesyal la

CSE Distri	Distri	Adrès	Nimewo Telefòn
1	7 9 10	One Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, New York 10458	(718) 329-8001
2	8 11 12	3450 East Tremont Avenue 2nd Floor Bronx, New York 10465	(718) 794-7490 oswa (718) 794-7429
3	25 26	30-48 Linden Place Flushing, New York 11354	(718) 281-3461
3	28 29	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, New York 11435	(718) 557-2553
4	24 30	28-11 Queens Plaza North 5th Floor Long Island City, New York 11101	(718) 391-8405
4	27	Satellite Office 82-01 Rockaway Boulevard 2nd Floor Ozone Park, New York 11416	(718) 642-5715
5	19 23 32	1665 St. Marks Avenue Brooklyn, New York 11233	(718) 240-3558 oswa (718) 240-3557
6	17 18 22	5619 Flatlands Avenue Brooklyn, New York 11234	(718) 968-6200
7	20 21	415 89th Street Brooklyn, New York 11209	(718) 759-4900
7	31	715 Ocean Terrace Building A Staten Island, New York 10301	(718) 420-5700
8	13 14 15 16	131 Livingston Street 4th Floor Brooklyn, New York 11201	(718) 935-4900
9	1 2 4	333 7th Avenue 4th Floor New York, New York 10001	(917) 339-1600
10	3 5 6	388 West 125th Street New York, New York 10027	(212) 342-8300



